

TI LIV MANM

pou KOUVÈTI ASIRANS SANTE ak DANTÈ ak ÈD POU PEYE DEPANS YO

MAS 2025



Sa se ti liv manm ou pou
MassHealth plans ConnectorCare,
Kredi taks pou prim ki bay davans, Children's
Medical Security Plan ak Health Safety Net la.



Commonwealth of Massachusetts

Executive Office of Health and Human | Services MassHealth | Massachusetts Health Connector

Tanpri sonje

- Ti liv mann sa a disponib nan plizyè lòt lang.
- MassHealth ka ede w tou nan telefòn oswa nan imèl. Gen kèk edisyon nou gendwa founi tou nan fòm ki site annapre a.
 - » Gwo lèt
 - » Elektwonik
 - » Bray
- Ou kapab toujou jwenn èd anpèsòn nan yon MassHealth Enrollment Center (MEC, Sant Anwolman MassHealth).

Si w gen kesyon ou ta renmen poze sou ti liv sa a, oubyen se pa pou ou ti liv sa a ye, sonnen tanpri nan (800) 841-2900. Pou moun ki soud, ki tandè di, oubyen ki gen difikilte pou yo pale epi ki gen aparèy TDD/TTY, se pou sonnen tanpri nan 711.

Si w pa yon sitwayen ameriken, tanpri gade nan paj 8 la pou w jwenn plis ransèyman sou estati imigrasyon epi benefis.

Medyatè pou akomodasyon andikap nan MassHealth

MassHealth genyen yon medyatè ki la pou ede manm yo ak moun kap aplike yo ki gen andikap jwenn akomodasyon yo bezwen. Biwo sa a tou ka ofri yo asistans pèsònèl lè li

- eksplike pwosesis ak egzijans MassHealth yo, epi
- ede ranpli fòmilè yo pa telefòn.

MassHealth Disability Accommodation Ombudsman
100 Hancock Street, 1st Floor
Quincy, MA 02171

Telefòn : (617) 847-3468; TTY: (617) 847-3788

Imèl : ADAAccommodations@state.ma.us.

Vle n ede w? My Ombudsman

Si w ta renmen pou nou ede jwenn benefis oubyen sèvis nan MassHealth oubyen nan plan medikal ou a, ou ka alò sonnen My Ombudsman. My Ombudsman se yon pwogram ki apa MassHealth e apa plan medikal ou a.

Pwogram lan ka :

- Ba w enfòmasyon sou benefis plan medikal ou a e sou dwa ou genyen
- Ede w nan tout enkyetman ou yo, epi
- Ede eksplike w kòman pou depoze yon griyèf (plent) oubyen depoze yon apèl (revizyon yon desizyon).

Pou enfòmasyon siplemantè sou My Ombudsman :

- Monte nan sit wèb pa yo a myombudsman.org
- Sonnen (855) 781-9898 oubyen videyo-telefòn (videophone, VP) nan (339) 224-6831.
- Voye yon imèl ba yo nan info@myombudsman.org

Tanpri, monte nan sit wèb My Ombudsman lan oubyen kontakte yo an dirèk pou w jwenn enfòmasyon ajou sou lokal yo e sou orè ou ka vini san randevou.

MyServices

MyServices se yon zouti anliy e app selilè ki fasil pou itilize kote w ka jwenn enfòmasyon k ap ede w, tankou estati sou elijiblite, enskripsyon nan MassHealth, e anons sou aktivite e aksyon enpòtan ou dwe pran. **MyServices** pèmèt ou revwa anliy tou sèten anons MassHealth ak enfòmasyon sou enskripsyon pou vote. Pou enfòmasyon siplemantè, monte nan myservices.mass.gov.

Ou ka jwenn plis detay tou nan Seksyon 12 tiliv sila.

SA KI MAKE LA

ENTWODIKSYON 2

Seksyon 1

Kòman pou fè aplikasyon 5

- Kòman pou fè aplikasyon pou MassHealth, plan ConnectorCare eKredi taks pou prim ki bay davans, plan Children's Medical Security, oswa Health Safety Net. 5
- Elijiblite tanporè. 6
- Lopital la detèmine elijiblite prezonptif 6
- Kat MassHealth la 7
- Enprime oubyen wè kat ou a 7
- Desizyon nou ak dwa w pou fè apèl 7
- Kisa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth ak plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans 7
- Kisa moun ki pa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth ak plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans 8
- Kisa moun ki pa sitwayen ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth Limited, kouvèti MassHealth pou moun ki ansent, plan sekirite medikal pou timoun, ak Health Safety Net. 8
- Kisa vizitè yo dwe konnen lè y ap aplike 8

Seksyon 2

Tip kouvèti ak pwogram kouvèti MassHealth yo . . . 9

- MassHealth Standard. 9
- MassHealth CommonHealth 12
- MassHealth CarePlus 14
- MassHealth Family Assistance 16
- MassHealth Limited. 17

Seksyon 3

Enskripsyon nan plan asirans MassHealth 19

- Manm ki annapre la yo ka, nenpòt lè yo vle, chanje plan medikal pou nenpòt ki rezon. 19
- Pou chwazi yon plan asirans 19
- Peryòd pou chwazi yon plan ak peryòd fiks pou enskri nan MassHealth 19
- Gen plizyè fason pou w enskri nan yon plan. 19

Seksyon 4

Massachusetts Health Connector. 20

- Plan Health Connector yo 20

Seksyon 5

Children's Medical Security Plan 22

Seksyon 6

Health Safety Net. 24

Seksyon 7

Dwa ak responsablite ou yo 26

- Non-diskriminasyon 26
- Enfòmasyon prive ak konfidansyalite 27
- Reprezantan otorize 27
- Pèmasyon pou pataje enfòmasyon 27
- Kòman nou itilize nimewo sekirite sosyal ou 27
- Bay enfòmasyon ki kòrèk 28
- Rapòte chanjman yo 28

Seksyon 8

Fason yo konte revni. 29

- Kiyès nou konte nan kòkay w la pou MassHealth, Children's Medical Security Plan, e Health Safety Net . . . 29
- Kiyès nou konte nan kòkay ou a pou plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans 30
- Revni brit ajiste modifye (MAGI). 30

Seksyon 9

Prim. 32

- Enfòmasyon sou kotpa ak prim pou endyen ameriken ak natifnatal Alaska 32
- Prim pou MassHealth ak Children's Medical Security Plan 32
- Fòmil pou prim yo. 33

Seksyon 10

MassHealth ak lòt asirans medikal. 36

- Apwobasyon davans 36
- Depans ou peye ak lajan pa w. 37
- Tretman dijans andeyò eta kote w ap viv la 37
- Si oumenm oswa manm fanmi w fè yon aksidan 37
- Manm MassHealth yo ki pral gen 65 an. 38
- Rekipasyon sou siksesyon kèk manm lè yo fin mouri . . . 38
- Anrejistre pou vote 38

Seksyon 11

Règ sou sitwayènte e imigrasyon ameriken 39

- Kondisyon pou sitwayènte/resòtisan ameriken pou MassHealth ak plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans Kondisyon pou idantite pou MassHealth, plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, ansanm ak Health Safety Net 42

SEKSYON 12

MyServices. 45

Seksyon 13

Ki kote pou jwenn èd 46

ENTWODIKSYON

Ti liv sa a rann li pi fasil pou konprann kouvèti medikal ki disponib nan Massachusetts. Tanpri konsève ti liv ou a. Li genyen enfòmasyon enpòtan ou ka vle konsilte konsènan benefis medikal.

Ti liv sa a reponn kèk kesyon enpòtan ou ka genyen konsènan fason pou jwenn benefis swen medikal nan MassHealth oswa nan Massachusetts Health Connector. Si w ta gen nenpòt kesyon aprè w fin li ti liv sa a, rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Ou ka jwenn plis detay nan kote sa yo: Règleman MassHealth nan 130 CMR 501.000-508.000, 522.000, 450.000 ak 610.000; règleman Health Safety Net (HSN) nan 101 CMR 613.000; ak règleman federal yo pou pwogram Health Connector yo nan 45 CFR ss. 155.305-155.430.

MassHealth ofri benefis swen medikal pou kèk moun ki abite nan Massachusetts. MassHealth ofri w benefis sa yo dirèkteman oswa li peye yon pòsyon oswa tout prim asirans medikal ou a.

Anplis de pwogram MassHealth yo ak lòt pwogram ki gen rapò ak MassHealth, yo ofri benefis swen medikal tou atravè Massachusetts Health Connector, jan sa dekri nan Seksyon 4 nan ti liv sa a.

Ti liv sa a dekri benefis pou moun ki poko gen 65 an ki

- ◆ pa abite nan mezon kote yo bay swen enfimye(è) oswa lòt etablisman ki ofri swen pou lontan, epi
- ◆ pa p resevwa sèvis egzansyon lakay oubyen nan kominote a.

Note: Si w vle fè aplikasyon pou benefis soutyen e sèvis alontèm, ou dwe alò ranpli aplikasyon pou kouvèti medikal pou moun aje e moun ki bezwen sèvis swen alontèm. W ap jwenn aplikasyon an lè w monte nan mass.gov/lists/masshealth-member-applications.

Ti liv sa a dekri tou kèk benefis pou kèk moun ki gen 65 an oswa plis si yo se paran oswa fanmi k ap pran swen timoun ki poko gen 19 an, oswa ki se kèk timoun imigran ki andikape ki poko gen 18 an ki abite nan mezon retrèt oswa lòt etablisman ki bay swen pou lontan.

Yo kapab itilize aplikasyon MassHealth yo pou aplike pou Pwogram Asistans pou Nitrisyon Sipleman (SNAP). SNAP se yon pwogram federal ki ede w achte bon jan manje chak mwa. Si w vle aplike pou SNAP tou, mete yon tchèk nan ti bwat kote pou tcheke SNAP la e ki sou premye paj aplikasyon MassHealth la; li dwa ak responsablite yo epi siyen aplikasyon an. Apresa, yo pral voye aplikasyon w otomatikman nan Depatman Asistans Tranzisyonèl la. Ou pa bezwen aplike pou Pwogram SNAP la pou yo ka konsidere w pou MassHealth.

» Kondisyon pou Rezidan yo

Se pou w yon rezidan Massachusetts pou w gen MassHealth oswa pou w gen lòt benefis pou swen medikal Commonwealth of Massachusetts la finanse. Amwenske li presize otreman nan règleman Massachusetts, ou se yon rezidan nan Massachusetts si w abite Massachusetts epi w swa gen lentansyon abite nan Massachusetts, avèk oswa san yon adrès fiks oswa w vin Massachusetts poutèt ou resevwa òf anplwa oswa se chèche w ap chèche travay. Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon Massachusetts pou rezidan.

Nou pral konsidere rezidans yon moun pwouve si l te deklare tèt li kòm yon rezidan Massachusetts, epi rezidans lan konfime atravè konparezon done elektwonik avèk ajans federal ak ajans leta yo, oswa sèvis enfòmasyon, oswa moun nan te bay nenpòt nan dokiman ki pral site la yo:

- ◆ Yon kopi tit pwopriyete ak dosye pèman ipotèk ki pi resan (si ipotèk la te peye okonplè, yon kopi fakti enpo lokatif ane ki pi resan an).
- ◆ Yon fakti sèvis piblik ki resan oswa yon demann pou yo fè yon travay nan kay la nan 60 jou ki sot pase yo.
- ◆ Yon deklarasyon ki sot nan yon fwaye pou sanzabri oswa yon founisè sèvis pou sanzabri.
- ◆ Dosye eskolè (si se lekòl prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè).
- ◆ Dosye jadendanfan oswa gadri (si se lekòl prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè).
- ◆ Yon kontra Seksyon 8.
- ◆ Yon kontra asirans pou kay.
- ◆ Prèv enskripsyon pou depandan ki sou siveyans ou ki nan lekòl piblik.
- ◆ Yon kopi lwaye AK dènye pèman lwaye ou te fè.

Si w paka ban nou ankenn nan dokiman ki site anwo a, ou ka soumèt yon deklarasyon sou sèman ki bay prèv sou rezidans ou an. Li dwe di ke w pap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl (pa egzanp vakans) oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye. Li dwe siyen anba pèn ak konsekans pou fo temwayaj.

Ou ka jwenn enfòmasyon pi presi sou règleman rezidans MassHealth nan règleman MassHealth 130 CMR 503.000.

Si w gen 65 an oswa plis epi deskripsyon yo bay nan paragraf annapre a pa matche avèk sitiyasyon pa w, oswa si w gen nenpòt laj epi w ap aplike pou benefis ki kouvri etablisman kote yo bay swen enfimye oswa swen ki konparab epi yo pa dekri sitiyasyon pa w nan paragraf

annapre a, ou ta dwe rele nou nan youn nan nimewo telefòn ki nan Seksyon 13 la pou jwenn enfòmasyon sou lòt benefis ou ka petèt resevwa.

» Règ debaz

Genyen kèk règle debaz pou suiv pou ka jwenn MassHealth. Menm si oumenm oswa kòkay ou a gen tan gen lòt asirans medikal (gade nan Seksyon 10), ou gendwa admisib si revni brit ajiste modifeye (MAGI) kòkay ou a ba oswa mwayen. (Gade pa anndan kouvèti aryè a pou yon tablo ki montre limit revni yo.) MassHealth ofri diferan tip kouvèti baze si

- ◆ ou se yon paran ki abite ansanm avèk pitit ou yo ki poko gen 19 an, oswa
- ◆ ou se yon adilt k ap pran swen fanmi an ki abite avèk timoun ki poko gen 19 an epi ou se fanmi swa akoz lyen san, lyen adopsyon oswa lyen maryaj, oswa ou se konjwen oswa ansyen konjwen youn nan fanmi sa yo, epi se oumenm ki prensipalman pran swen timoun sa yo alòske pa gen youn nan paran yo ki abite nan kay la, oswa
- ◆ ou poko gen 19 an, oswa
- ◆ ou se yon jèn adilt ki gen swa 19 an swa 20 an, oswa
- ◆ ou ansent, oswa
- ◆ ou se yon adilt ki gen ant 21 an a 64 an, oswa
- ◆ ou andikape, oswa
- ◆ w ap travay pou yon ti antrepriz, oswa
- ◆ ou teste pozitif pou VIH, oswa
- ◆ ou gen kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris ou.

Pou jwenn MassHealth, plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, Children's Medical Security Plan (CMSP), oswa Health Safety Net la, ou dwe ranpli yon aplikasyon, w ap jwenn nan yon anvlòp ki gen yon aplikasyon. Si w pa gen yon anvlòp ki gen yon aplikasyon epi ou ta renmen jwenn youn, rele nan youn nan nimewo telefòn ki site nan Seksyon 13 la.

» Tip Kouvèti MassHealth yo

MassHealth founi benefis swen medikal nan tip kouvèti e pwogram ki annapre yo.

- ◆ **MassHealth Standard**
- ◆ **MassHealth CommonHealth**
- ◆ **MassHealth CarePlus**
- ◆ **MassHealth Family Assistance**
- ◆ **MassHealth Limited**

» Massachusetts Health Connector

Massachusetts Health Connector se mache leta a mete sou peye pou asirans sante ak asirans dantè. Health Connector ka ede ni oumenm ni kòkay ou a chèche e enskri nan plan asirans nan pi gwo asirans medikal e dantè nan eta a. Ou ka wè nan Health Connector si w kalifye pou yon pwogram ki ede w peye pou prim asirans medikal e diminye frè swen medikal ou peye ak lajan pa w.

Kèk pwogram ki ka ede w peye pou asirans medikal ou a atravè Health Connector gen ladan Kredi taks pou prim ki bay davans ak plan asirans medikal ConnectorCare.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram yo atravè Health Connector epi kiyès ki ka kalifye pou pwogram sa yo, gade nan Seksyon 4 la.

» Children's Medical Security Plan

Children's Medical Security Plan (CMSP) se yon pwogram pou timoun ki poko gen 19 an ki rezinan nan Massachusetts e nan kèlkesw nivo revni, pa kalifye pou MassHealth (eksepte pou MassHealth Limited), e pa gen asirans.

Pou detay siplemantè, gade nan Seksyon 5 lan.

» Health Safety Net

Health Safety Net la (HSN) peye lopital ki bay swen ijan nan Massachusetts ak sant sante nan kominote yo pou kèk sèvis swen medikal yo bay malad ki gen revni ba. A kòmanse 1ye jen 2016, HSN peye pou sèvis li bay rezidan Massachusetts ki gen Revni Brit Ajiste Modifye (MAGI) kote revni fanmi an a 300% oswa pi ba pase nivo povrete federal la.

Règ pou chak tip kouvèti e pwogram dekri nan ti liv sa a. Tip kouvèti MassHealth ou gendwa gen gendwa depann sou estati w nan imigrasyon. (Gade nan Seksyon 11.)

» Moun ki Abite Lakay ki Bezwen Sèvis Alontèm

Moun ki abite lakay ki bezwen plis èd pase sa fanmi yo kapab ofri gendwa resevwa sèten sèvis alontèm pou ede yo viv lakay yo, pase pou yo viv nan yon etablisman swen alontèm.

MassHealth gen twa kalite pwogram ki pèmèt sèten manm nan MassHealth Standard resevwa lakay yo sèvis swen alontèm sa yo ki nesesè.

- ◆ Kaileigh Mulligan Program (swen lakay pou timoun ki gen andikap)
- ◆ Pwogram tout kalite swen pou moun aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE)

- ◆ Pwogram sibvansyon sèvis ki baze lakay epi nan kominote a (Home- and Community-Based Services, HCBS).

W ap jwenn, enfòmasyon detaye sou pwogram sa yo ak kijan pou fè aplikasyon, nan Senior Guide (SACA-1) nan mass.gov/info-details/senior-guide-and-application-for-health-care-coverage.

SEKSYON 1

Kòman pou fè aplikasyon



Aplike pi rapid sou entènèt!

Monte nan MAhealthconnector.org. Ou ka kreye yon kont sekirize sou entènèt la kote w ka konnen byen vit ki pwogram ou elijib pou li.



Pou aplike an pèsòn oswa pou pran yon randevou ak yon reprezantan MassHealth, tanpri mont e nan mass.gov/masshealth/appointment. Sant Enskripsyon MassHealth (MassHealth Enrollment Centers, MEC) ki annapre la yo louvri lendi pou vandredi ant 8:45 a.m. - 5:00 p.m. Men, pa voye aplikasyon bay okenn nan MEC sa yo. Gen bwat pou depoze dokiman ki disponib apre orè ouvèti nan Sant Enskripsyon ki nan Charlestown e nan Tewksbury.



MassHealth Enrollment Centers

- ◆ 529 Main Street
Charlestown, MA 02120
- ◆ 45 Spruce Street
Chelsea, MA 02150
- ◆ 100 Hancock Street, 1st Floor
Quincy, MA 02171
- ◆ 88 Industry Avenue, Suite D
Springfield, MA 01104
- ◆ 21 Spring Street, Suite 4
Taunton, MA 02780
- ◆ 367 East Street
Tewksbury, MA 01876
- ◆ 50 SW Cutoff, Suite 1A
Worcester, MA 01604

» Kòman pou fè aplikasyon pou MassHealth, plan ConnectorCare eKredi taks pou prim ki bay davans, plan Children's Medical Security, oswa Health Safety Net.

Ou kapab aplike sou entènèt nan MAhealthconnector.org. Lè w aplike sou entènèt, ou kapab soumèt aplikasyon w imedyatman, yo ka verifye pifò enfòmasyon w elektwonikman, epi sa pèmèt yo detèmine elijiblite w pi vit. Ou kapab aplike pou benefis yo nan lòt jan tou: lè w ranpli yon aplikasyon sou papye; lè w vin an pèsòn nan yon Sant Enskripsyon MassHealth (MEC) oswa lopital otorize; oswa pa telefòn. Si w ranpli yon aplikasyon sou papye, asire ou li enstriksyon yo.

Pou w sa resevwa osito posib nenpòt benefis ou gen pou w resevwa, ou gendwa mete ki dokimantasyon ou genyen k ap verifye revni tout moun ki nan kòkay ou a. Lè aplikasyon an fin ranpli, voye l oswa fakse l bay

Health Insurance Processing Center | Faks:
PO Box 4405 | **(857) 323-8300**
Taunton, MA 02780

Pou w fè yon aplikasyon nan telefòn, rele n nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711. Nou itilize tout enfòmasyon nou kolekte sou entènèt la oswa sou aplikasyon ki fèt sou papye, ansanm ak prèv enfòmasyon an, pou n detèmine elijiblite w pou benefis epi si w elijib, pou asire ou gen kouvèti ki pi konplè ou kalifye pou w resevwa. Nou gendwa sèvi avè l tou pou lòt rezon ki asosye avèk administrasyon pwogram MassHealth la. Nou gendwa kominike avèk ou tou pou n distribye enfòmasyon ki koresponn ak avantaj medikal epi byennèt ou gendwa elijib pou w resevwa.

Nou pral konpare enfòmasyon yo avèk lòt ajans ak lòt sous enfòmasyon lè yon moun soumèt yon aplikasyon, pandan revizyon anyèl ak revizyon peryodik pou nou ka mete ajou oswa pwouve elijiblite.

Ajans ak sous enfòmasyon sa yo ka enkli, men se pa sèlman ajans ki annapre la yo: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub), Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance), Biwo Estatistik Demografik nan Depatman Lasante Piblik (Department of Public Health's Bureau of Vital Statistics), Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents), Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services), Depatman Revni (Department of Revenue), Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations), Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration), Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements, SAVE), Depatman Asistans Tranzitwa (Department of Transitional Assistance), konpayi asirans maladi, ak bank epi lòt

etablisman finansye. Jan sa nesèsè pou jere egzijans M.G.L. c. 149, s. 189A sou kontribisyon konpayi travay la pou èd medikal (Employer Medical Assistance Contribution), yo gendwa pataje enfòmasyon sou moun ki sou aplikasyon w lan ak Depatman èd nan chomaj (Department of Unemployment Assistance) epi ak konpayi kote l ap travay.

N ap jwenn enfòmasyon sou revni nan korespondans done elektwonik. Yo konsidere yon revni kòm pwouve si done sou revni nou resevwa atravè yon konparezon done elektwonik lan rezonabman konpatib avèk montan revni ou te deklare sou aplikasyon w lan. Si n pa kapab fè yon verifikasyon elektwonik sou revni w, n ap mande prèyè sou revni w.

Nou bezwen Revni Brit Ajiste Modifye (MAGI) pou chak moun ki nan kòkay ou a. Nan pifò ka, nou ka pwouve revni sa a atravè konparezon done elektwonik.

Si sous done elektwonik yo pa ka bay prèyè sou enfòmasyon ki deklare yo oubyen yo pa konsistan avèk enfòmasyon ki deklare yo, alò moun k ap fè aplikasyon an ap genn ap mande w bay lòt dokiman siplemantè. Ou pral resevwa yon Demann pou enfòmasyon ki pral site tout fòm prèyè ki obligatwa yo ak dat limit pou soumèt yo. (Gade nan Seksyon 8 pou enfòmasyon konsènan MAGI.)

Ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèyè ou te aplike pou youn pou chak moun nan kòkay ou a k ap aplike, an kontan sa yo kap aplike pou asistans nan peman prim, amwenske youn nan eksepsyon ki site anba yo aplike.

- ◆ Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a gen yon egzampsyon relijye jan sa dekri nan lalwa federal.
- ◆ Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a elijib sèlman pou resevwa yon SSN ki pa pèmèt ou travay.
- ◆ Oumenm oswa nenpòt moun nan kòkay ou a pa elijib pou gen yon SSN.

Gade “Kòmman nou itilize nimewo sekirite sosyal ou” nan Seksyon 7 pou yon eksplikasyon sou otorite nou genyen pou nou itilize SSN ou a.

Pou ka jwenn tip swen medikal ki ba w meyè kouvèti a, nou bezwen gen prèyè estati sitwayènne/resòtisan ameriken oswa estati imigrasyon chak moun nan kòkay la k ap aplike. Nou pral fè yon konparezon done avèk ajans federal ak leta pou nou ka eseye pwouve estati sitwayènne/resòtisan ameriken w oswa estati imigrasyon w. Si sous done elektwonik yo paka pwouve enfòmasyon ou deklare yo, nou pral mande w pou bay dokimantasyon siplemantè. Ou pral resevwa yon lèt pou demann enfòmasyon ki pral site tout fòm prèyè ki obligatwa yo ak dat limit pou soumèt yo. Gade nan Seksyon 11 pou enfòmasyon konsènan estati imigrasyon, elijiblite pou benefis, ak fòm prèyè ki akseptab.

Dèke nou jwenn enfòmasyon nou bezwen an, nou pral decide ki benefis ou elijib pou resevwa, si ta genyen. Nou baze desizyon nou an sou lwa leta ak lwa federal.

Pou resevwa sèvis entèprèt oswa yon Ti liv manm MassHealth nan yon lòt lang, rele nou nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

» Elijiblite tanporè

MassHealth ap voye yon lèt pou demann enfòmasyon si n bezwen enfòmasyon siplemantè oubyen prèyè pou pran yon desizyon sou elijiblite. Si n voye yon lèt pou demann enfòmasyon, w ap gen 90 jou pou w voye prèyè ki mande a. MassHealth gendwa founi benefis pwovizwa pandan peryòd 90 jou sa a pou aplikasyon elijib ki poko gen 21 an e pou sa ki di n yo ansent, pozitif pou VIH, oubyen gen kansè nan tete oswa nan kòl matris. MassHealth gendwa pa founi benefis bay aplika ki gen 21 an oswa plis jouk tan revni tout kòkay MAGI a verifiye, amwenske li ansent, gen VIH, oswa ap suiv tretman pou kansè nan tete oswa nan kòl matris.

Deklarasyon pwòp pa aksepte pou andikap, sitwayènne, oubyen estati nan imigrasyon pandan peryòd pwovizwa a.* Aplikan dwe pou yo founi tout enfòmasyon e prèyè ki mande nan yon delè 90 jou apre li resevwa demann MassHealth pou enfòmasyon. Chak aplikan ka jwenn sèlman yon apwobasyon pou elijiblite tanporè sou yon peryòd 12 mwa. Manm MassHealth yo pral oblije enskri nan yon plan swen entegre pandan peryòd tanporè a, si otreman li obligatwa pou yo enskri. Manm MassHealth ki gen prim pral gen pou l peye prim lan pandan peryòd pwovizwa a. Asistans nan prim pa p founi pandan premye peryòd pwovizwa a jiskaske tout fòm prèyè te soumèt e ankèt sou asirans medikal la fini.

* Ou ka jwenn benefis tou pandan yon peryòd opòtinite ki rezonab, pandan w ap travay pou ban nou tout fòm prèyè sou sitwayènne ak idantite ameriken ak estati imigrasyon ki obligatwa.

» Lopital la detèmine elijiblite prezonptif

Yon lopital ki kalifye ka fè detèminasyon elijiblite prezonptif pou malad li yo. Yo pral detèmine elijiblite prezonptif baze sou enfòmasyon moun lan deklare. Lopital ki kalifye ka detèmine elijiblite prezonptif pou bagay ki pral site anba yo:

1. MassHealth Standard
 - Timoun ki poko gen 19 an
 - Jèn adilt ki gen 19 oswa 20 an
 - Moun ki ansent
 - Paran oswa fanmi k ap pran swen timoun
 - Moun ki gen kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris

- Moun ki teste pozitif pou VIH
 - Timoun endepandan ki te leve nan fanmi akèy (foster care) jiska laj 26 an
2. MassHealth CarePlus pou adilt ki gen ant 21 a 64 an
 3. MassHealth Family Assistance, pou moun ki satisfè kondisyon kategorik ak finansye pou MassHealth Family Assistance epi ki
 - teste pozitif pou VIH, oswa
 - timoun ki gen revni ki rive jouk nan 300% nivo povrete federal la (FPL) ki gen yon moun ki pa kalifye avèk estatif imigrasyon Permanently Residing Under Color of Law (PRUCOL) immigration status. (Gade nan paj 16.)

Yon manm lopital ka sèlman gen yon peryòd elijiblite prezonptif detèmine nan yon peryòd tan ki dire 12 mwa, akòmanse sou dat peryòd inisyèl elijiblite prezonptif la antre an vigè. Yon lopital paka detèmine elijiblite prezonptif pou yon endividi ki te elijib pou benefis MassHealth Standard, CarePlus, CommonHealth oswa Family Assistance nan 12 mwa ki fèk sot pase yo.

Benefis yon moun resevwa atravè pwosesis elijiblite prezonptif lopital la detèmine pral kòmanse nan dat lopital la te detèmine elijiblite prezonptif epi benefis yo pral kontinye jiska:

- ◆ fen mwa ki vin aprè detèminasyon elijiblite prezonptif la, si endividi a pat soumèt yon aplikasyon li te ranpli anvan dat sa a, oswa
- ◆ yo fè detèminasyon pou elijiblite dapre aplikasyon yon endividi ranpli epi soumèt, si li te soumèt aplikasyon li fin ranpli a anvan fen mwa ki vin aprè mwa detèminasyon elijiblite prezonptif la.

Note: MassHealth pa pral chaje yon prim pandan peryòd elejiblite prezonptif lopital la detèmine.

Pou plis enfòmasyon konsènan elijiblite prezonptif lopital la detèmine, gade 130 CMR 502.000.

» Kat MassHealth la

Chak manm nan kòkay ki elijib pral resevwa yon kat MassHealth. Ou dwe montre doktè w oswa lòt founisè swen medikal kat ou a chak fwa ou resevwa swen medikal. Si w genyen yon kat MassHealth epi ou gen lòt asirans medikal, asire ou montre yo tout kat yo. Si w elijib sèlman pou pèman prim asirans medikal (pa egzanp, kèk manm MassHealth Family Assistance ki sèlman resevwa asistans pou prim), ou pap resevwa yon kat MassHealth.

» Enprime oubyen wè kat ou a

Konekte nan MyServices e navige nan bouk "My Benefits" la. La, w ap jwenn yon lyen elektwonik pou

w wè, rale, e enprime kat ou a. Lòt jan pou w wè kat didantite (ID) MassHealth ou a gendwa se sa ki make la.

- Gade lèt MassHealth voye
- Telefonnen MassHealth Customer Service Center (Sèvis Kliyan MassHealth) nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711

Moun ki gen asirans medikal nan yon plan Massachusetts Health Connector pral resevwa yon kat asirans nan men plan medikal li chwazi a. Sa ki detèminen nan revni ba pou kesyon Health Safety Net (HSN) pa resevwa yon kat. Si w elijib pou sèvis HSN, lopital yo ak sant sante nan kominote a pral tyeke pou detèmine si yo ka jwenn ranbousman pou sèvis yo te ba w ansanm ak manm fanmi w.

» Desizyon nou ak dwa w pou fè apèl

Nou pral voye yon notis ba w pou fè w konnen si ou kapab oswa ou pa kapab jwenn youn nan tip oswa pwogram kouvèti MassHealth yo, plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans (APTC), oswa Health Safety Net (HSN) la. Si w pa dakò ak desizyon nou an, ou gen dwa pou mande pou yon odyans san patipri pou fè apèl a desizyon nou an.

Notis yo genyen enfòmasyon ki eksplike fason pou mande pou yon odyans san patipri epi konbyen tan ou genyen pou mande pou youn. Gade nan Seksyon 13 pou ka wè ki kote pou voye demann pou odyans san patipri a.

Si w gen kesyon konsènan yon notis MassHealth oswa fason pou mande pou yon apèl, rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711. Si w gen kesyon konsènan yon apèl pou Health Connector ki konsène sèvis oswa prim, rele Health Connector nan (877) 623-6765. Si w gen kesyon konsènan yon plent kont HSN, rele sant sèvis kliyan HSN lan nan (877) 910-2100. Desizyon HSN fèt nan MassHealth.

Ou ka jwenn enfòmasyon ki pi presi konsènan dwa ou pou fè apèl nan règleman MassHealth nan 130 CMR 610.000: Règ MassHealth pou odyans san patipri.

» Kisa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth ak plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans

Verifikasyon estati ak idantite sou sitwayèn/resòtisan ameriken se yon bagay ki obligatwa pou tout sitwayen/resòtisan ameriken k ap aplike pou MassHealth ak plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans. Gade nan Seksyon 11 pou plis enfòmasyon konsènan prèv sou estati ak idantite sou sitwayèn/resòtisan ameriken.

Kalite prèv ki pi komen pou toude estati e idantifikasyon sitwayen ameriken oswa resòtisan ameriken se yon

paspo ameriken, yon sètifika sitwayènte ameriken, yon sètifika natiralizasyon ameriken, oswa yon dokiman yon tribi endyen ameriken ki gouvènman federal la rekonèt emèt ki montre apatenans oubyen enskripsyon, oubyen afilyasyon, nan tribi sa a. Sitwayen ameriken oswa resòtisan ameriken gendwa pwouve tou avèk yon sètifika nesans nan Etazini oubyen yon rapò nesans aletranje pou yon sitwayen ameriken. Ou ka pwouve idantite w tou avèk yon pèmi kondui eta a ba w ki genyen foto w sou li, yon kat didantite gouvènman an bay ki gen foto w sou li, oswa yon kat didantite militè ameriken an bay.

Pou plis enfòmasyon detaye konsènan fason pou pwouve sitwayènte ak idantite, gade nan Seksyon 11. Nou ka pwouve idantite w atravè dosye nan rejis sèvis sikilasyon Massachusetts si w gen yon pèmi pou kondui nan Massachusetts oswa ou gen yon kat didantite Massachusetts. Yon fwa ou ban nou prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken w ak idantite w, ou pap bezwen ban nou prèv sa a ankò. Ou dwe ban nou prèv idantite pou tout moun ki abite lakay ou k ap aplike. Moun aje ak moun ki andikape yo k ap resevwa oswa ki ka resevwa Medicare oswa revni sekirite siplemantè (SSI), oswa moun ki andikape k ap resevwa asirans envalidite nan sekirite sosyal (SSDI) pa bezwen bay prèv sou estati sitwayènte/resòtisan ameriken yo oswa idantite yo. Yon timoun ki fèt epi manman l t ap resevwa MassHealth nan dat timoun lan fèt la pa bezwen bay prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite. (Gade nan Seksyon 11 pou enfòmasyon konplè konsènan fòm prèv ki akseptab yo.)

Pou èd pou ka jwenn kèk prèv tankou yon dosye nesans Massachusetts oswa enfòmasyon sou fason pou jwenn dosye nesans nan yon lòt eta, tanpri rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

» Kisa moun ki pa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth ak plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans

Pou jwenn tip swen medikal ki bay plis kouvèti, oswa pou jwenn yon plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans fòk chak moun nan kòkay la pwouve estati imigrasyon ki montre li elijib.

Nou pral matche enfòmasyon avèk ajans federal ak leta yo pou nou ka pwouve estati imigrasyon. Si sous done elektwonik pa ka pwouve enfòmasyon yon moun deklare, nou pral mande dokimantasyon siplemantè. Nou pral voye yon lèt pou demann enfòmasyon ki pral site tout fòm prèv obligatwa yo ansanm ak dat limit pou soumèt yo. W ap jwenn yon lis enfòmasyon sou estati imigrasyon nan Seksyon 11 aplikasyon an. Ou kapab jwenn li tou nan mass.gov/masshealth.

» Kisa moun ki pa sitwayen ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth Limited, kouvèti MassHealth pou moun ki ansent, plan sekirite medikal pou timoun, ak Health Safety Net

Moun ki pa sitwayen ameriken ki pa elijib pou yo gen yon SSN oswa ki pa gen dokiman sou estati imigrasyon yo ka toujou kalifye pou MassHealth Limited, kouvèti MassHealth pou moun ki ansent, plan sekirite medikal pou timoun (CMSP), oswa Health Safety Net (HSN). Sepandan, se pou yo ban n sa ki annapre la yo pou ka elijib pou HSN.

- ◆ Prèv sou revni
- ◆ Prèv sou idantite

Si w pa sitwayen ameriken, ou pa bezwen soumèt dokiman imigrasyon w yo avèk aplikasyon an si se sèlman pou pitit ou yo w ap aplike, men pa pou oumenm.

Si w pa gen souch chèk oswa dosye taks, yo ka pwouve revni w nan lòt fason, tankou nan ban nou yon deklarasyon anplwayè ou a a fè siyen ki gen ladan l montan revni brit (anvan taks ak dediksyon, eksepte pou dediksyon anvan taks yo) ansanm ak kantite èdtan ou te travay.

N ap kenbe aplikasyon yo e enfòmasyon sou yo konfidansyèl. Sa vle di

- ◆ nou pa p voye non e adrès bay ofisye imigrasyon, e
- ◆ nou pa pral matche enfòmasyon avèk lòt ajans si moun yo pa gen nimewo sekirite sosyal.

» Kisa vizitè yo dwe konnen lè y ap aplike

Si w pa rezidan Massachusetts, ou pa elijib pou MassHealth oswa lòt benefis swen medikal Commonwealth of Massachusetts finanse. Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon Massachusetts pou rezidan.

Note: Gade nan Seksyon 13 la pou jwenn enfòmasyon konsènan sèvis legal ki gratis epi ki nan yon pri ki ba.

SEKSYON 2

Tip kouvèti ak pwogram kouvèti MassHealth yo

Seksyon sa a nan ti liv la pral ede w aprann sou tip ak pwogram kouvèti yo epi w ap aprann si w ka elijib pou nenpòt ladan yo. Pou chak nan tip ak pwogram kouvèti sa yo, seksyon sa a fè w konnen:

- » **Kiyès ki ka jwenn benefis**
- » **Ki estanda revni yo fikse**
- » **Ki sèvis medikal ki kouvri**
- » **Ki lè kouvèti a kòmanse**

Si w pa jwenn sitiasyon pa w la anba yon tip kouvèti asirans, li posib pou w jwenn li anba yon lòt tip kouvèti asirans. Si w aplike, ou pral resevwa yon lèt nan men nou. Lèt la ap di w si w ka jwenn benefis yo, e si wi, ki lè y ap kòmanse. N ap ba w kouvèti ki pi konplè ou kalifye pou li a.

Kouvèti kontini

Gen kèk manm ki gendwa admisib pou yo kenbe kouvèti pa yo a pou yon sèten peryòd tan, menmsi gen chanjman nan sikonstans pa yo a. Ou gendwa gen kouvèti kontini si w youn nan sa ki make annapre la.

- ♦ 18 an oubyen pi jèn
- ♦ San kay
- ♦ Fèk lage nan prizon

MassHealth Standard

Tip kouvèti sa a ofri yon gam konplè benefis swen medikal.

» Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou ka jwenn MassHealth Standard si w se yon rezidan Massachusetts epi w youn nan sa ki make annapre la.

- ♦ Ansent.
- ♦ Poko gen 19 an.
- ♦ Yon jèn adilt ki gen 19 oswa 20 an.
- ♦ Yon paran ki abite avèk pitit ou ki poko gen 19 an.*
- ♦ Yon adilt k ap pran swen fanmi an ki abite avèk timoun ki poko gen 19 an epi se oumenm ki prensipalman pran swen timoun sa yo alòske pa gen youn nan paran yo ki abite nan kay la.*
- ♦ Pi jèn pase 65 an epi ou gen kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris ou.
- ♦ Poko gen 65 an epi pozitif pou VIH.
- ♦ Andikape selon nòm lwa federal ak leta fikse. (Sa vle di ou gen yon pwoblèm mantal oswa fizik ki limite w oswa ki anpeche w travay pandan omwen 12 mwa. MassHealth deside si w satisfè nòm andikap yo.)
- ♦ Elijib dapre kèk règ espesyal, ki kapab pèmèt ou kenbe benefis sa yo jiska 12 mwa aprè w te fin retounen travay oswa ou te vin gen yon ogmantasyon nan salè w, kèlkeswa valè nouvo salè w ye.*
- ♦ Jouk nan laj 26 an e te anvan nan foster car (san limit nan revni).
- ♦ Otreman elijib pou MassHealth CarePlus, te detèmine gen sante frajil, epi te chwazi pou enskri nan MassHealth Standard.
- ♦ Poko gen 65 an epi ap resevwa sèvis, oswa ou sou yon lis datant pou resevwa sèvis nan men Depatman sante mantal la.

* Benefis sa yo disponib tou pou paran ak moun k ap pran swen fanmi ki gen 65 an oswa plis.

» Estanda sou revni

Pou enfòmasyon konsènan revni, gade nan Seksyon 8. Gade nan tablo a ki pa anndan kouvèti aryè a pou nivo povrete federal yo (FPL).

Pou moun ki ansent ak timoun ki poko gen 1 an, revni brit ajiste modifye (MAGI) manm fanmi an pou MAGI MassHealth paka plis pase 200% FPL la. Si w ansent, yo konte pitit ou ki poko fèt nan gwozè fanmi w, ki vle di genyen omwen de moun nan fanmi w.

Pou timoun ki gen ant 1 an jiska 18 an, MAGI kòkay MassHealth MAGI ou a pa ka plis pase 150% FPL la.

Pou jèn adil ki gen ant 19 an jiska 20 an, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 150% FPL la.

Pou paran oswa fanmi k ap pran swen timoun ki poko gen 19 an, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 133% FPL la.

Pou moun ki gen kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 250% FPL la.

Pou moun ki teste pozitif pou VIH, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 133% FPL la.

Pou moun ki gen bezwen swen medikal ki spesyal e sa ki anba swen Department of Mental Health, MAGI kòkay MassHealth MAGI ou a ka pa plis pase 133% FPL la.

Pou adilt ki andikape, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 133% FPL la.

Pou imigran, gen sèten imigran ki paka jwenn MassHealth Standard, men yo ka jwenn benefis swen medikal nan tip lòt kouvèti ak pwogram MassHealth. Moun sa yo enkli kèk imigran ki te rantre Ozetazini le 22 out 1996 oswa aprè dat sa a, oswa ki te abite Ozetazini an vèti lalwa. (Gade “Règ sou sitwayènte ameriken ak imigrasyon” ki nan Seksyon 11.)

» Prim

Sèten moun ki gen kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris ki elijib pou MassHealth Standard gendwa peye yon prim pou kouvèti yo gen an. Si w oblije peye yon prim, nou pral di w ki montan pou peye epi n ap voye yon fakti ba w chak mwa.

Yo pa pral chaje tout lòt moun ki elijib pou MassHealth Standard yon prim pou kouvèti pa yo.

» Lòt asirans medikal

Si w gen oswa gendwa gen lòt asirans medikal, MassHealth ka peye yon pati nan prim asirans medikal kòkay la. Gade nan Seksyon 10, MassHealth ak lòt asirans medikal.

MassHealth premium assistance nan MassHealth Standard

Règleman MassHealth yo egzije pou manm yo jwenn epi kenbe asirans medikal, an kontan asirans medikal nan yon travay. Pou detèmine si moun kòkay ou a e oumenm toujou elijib, nou gendwa mande pou enfòmasyon siplemantè, nan men w ak nan men konpayi kote w ap travay la, pou konnen si w gendwa gen kouvèti asirans medikal konpayi travay la ofri. MassHealth gendwa fè ankèt pou wè si yon moun k ap resevwa MassHealth Standard swa anwole nan oswa gendwa gen yon asirans medikal kalifye konpayi travay li patwone. Ou fèt pou w kolabore nan founi enfòmasyon nesèsè pou w kontinye elijib, an kontan prèw pou jwenn epi kontinye gen asirans medikal ki disponib, osinon benefis MassHealth ou resevwa yo gendwa kanpe.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan règ pou asistans pou prim nan MassHealth Standard, gade 130 CMR 505.000.

» Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth CarePlus, sèvis ki kouvri yo enkli sa ki site anba a. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- ◆ Sèvis lopital pou malad ki entène*
- ◆ Sèvis pou malad ki pa entène lopital: lopital, klinik, doktè, dantis, planin famiyal, swen pou zye
- ◆ Sèvis medikal: analiz laboratwa, radyografi, terapi, sèvis famasi, linèt, aparèy zòrèy pou tande, ekipman e founiti medikal, swen lajoun pou adilt, e foster care pou adilt. (Pou plis enfòmasyon pou chwazi e enskri nan yon plan medikaman preskripsyon nan Medicare, gade nan Seksyon 10.)
- ◆ Sèvis akiponkti[†]
- ◆ Sèvis sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòl)
- ◆ Tès pou timoun ki ansante (pou timoun ki poko gen 21 an), ikonpri medikal, vizyon, dantè, oditif, sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòl), ak tès sou devlopman, ansanm avèk vaksen
- ◆ Sèvis swen pou lontan adomisil oswa nan yon etablisman swen pou lontan, ikonpri sèvis swen adomisil

- ◆ Sèvis transpò*
- ◆ Sèvis pou sispann fimèn

* *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 415.000.*

† *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000.*

† *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 407.000.*

Note: Pou adilt ki andikape ki resevwa Medicare Pati B tou, MassHealth pral peye prim Medicare la epi, si sa aplikab, ko-asirans ak franchiz yo.

Enfòmasyon enpòtan pou timoun ak jèn ki gen gwo bezwen pou sante mantal, sa gen ladan twoub otis (autism spectrum disorder) oswa twoub emosyonèl grav (serious emotional disturbance)

MassHealth ofri sèten sèvis sante sou konpòtman pou timoun ki elijib ak jèn adilt elijib ki poko gen 21 an e ki enskri nan MassHealth Standard oswa MassHealth CommonHealth. Si pitit ou a pa elijib pou MassHealth Standard, epi yon evalyasyon sante sou konpòtman oswa lòt evalyasyon montre pitit ou a gen gwo bezwen pou sante mantal, tankou twoub otis (ASD) oswa twoub emosyonèl grav (SED), li ka andikape epi elijib pou MassHealth CommonHealth.

Sèvis siplemantè pou timoun ki poko gen 21 an

Timoun, adolesan ak jèn adilt ki poko gen 21 an yo detèmine ki elijib pou MassHealth Standard epi elijib tou pou sèvis tès depistaj, dyagnostig ak tretman bonè e peryodik (Early and Periodic Screening, Diagnosis and Treatment, EPSDT), ki enkli tout sèvis ki medikalman nesèsè lwa Medicaid kouvri. Gade 42 U.S.C. §§1396a(a)(10), 1396d(a), ak 1396d(r). Sa vle di MassHealth peye pou tout tretman ki medikalman nesèsè lwa Medicaid kouvri, si se yon founisè ki kalifye epi ki vle bay sèvis la ki bay li. Si tip kouvèti MassHealth timoun lan potko deja kouvri sèvis la, klinisyen an ka mande MassHealth pou otorizasyon annavans (PA) pou detèmine si sèvis la medikalman nesèsè. MassHealth peye pou sèvis la si yo bay PA.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105.

» Kouvèti a kòmpanse

Si nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen yo nan yon peryòd 90 jou, eksepte pou prèv andikap, (oswa si w ansent oswa ou se yon timoun oswa yon jèn adilt ki poko gen 21 an ki elijib pou kouvèti swen medikal tanporè jan sa dekri nan paj 6 la), kouvèti w la ka kòmpanse depi nan premye jou nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Si w gen fakti pou sèvis medikal ou resevwa nan twa mwa anvan w fè aplikasyon an, nou gendwa peye yo si w te elijib pandan twa mwa sa yo. Ou gendwa gen pou w ban n prèv sou revni, konbyen moun nan fanmi w, adrès, andikap, gwosès, oubyen asirans medikal.

Si w elijib pou kouvèti swen medikal ki baze sou yon andikap, kouvèti w la ka kòmpanse 10 jou sivil anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Manm MassHealth Standard ki ansent elijib jiska fen gwosès la e pandan 12 mwa apre (postpartum).

Si w elijib pou asistans nan peman prim, ou pral kòmpanse resevwa peman yo nan mwa yo te detèmine ou elijib pou resevwa asistans pou prim lan, oswa nan mwa dediksyon asirans medikal ou a kòmpanse, nenpòt ladan yo ki rive pita.

Elijiblite pwolonje atravè asistans medikal tanporè

Sèten manm MassHealth Standard ka elijib pou jwenn benefis pou jiska 12 mwa aprè revni yo te vin pi wo pase 133% FPL la. MassHealth pral bay asistans medikal tanporè (TMA) pou paran ak fanmi k ap bay swen (pou timoun ki poko gen 19 an) ansanm ak pitit yo.

MassHealth CommonHealth

MassHealth CommonHealth ofri benefis swen medikal ki sanblab ak MassHealth Standard pou adilt ki andikape ak timoun ki andikape ki paka jwenn MassHealth Standard.

» Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou ka jwenn MassHealth CommonHealth si w se yon rezidan Massachusetts epi w youn nan sa ki make annapre la.

- ◆ Yon timoun ki gen andikap e ki poko gen 19 an.
- ◆ Yon jèn adilt ki andikape ki gen 19 oswa 20 an
- ◆ yon adilt ki andikape ki gen 21 an oswa plis

Se MassHealth ki deside si w andikape dapre nòm lwa federal oswa leta fikse. Pou yon adilt, jeneralman sa vle di ou gen yon pwoblèm mantal oswa fizik ki sevèman limite kapasite w pou travay oswa pou fè kèk aktivite pandan omwen 12 mwa.

» Estanda revni

Si revni kòkay ou a pi wo pase 133% FPL la, ou ka gen pou peye yon prim. Gade nan tablo a ki pa anndan kouvèti aryè a pou FPL.

Moun ki andikape ki gen 19-20 an e ki se moun rezidan pèmanan an vèti lalwa (PRUCOL) ki pa kalifye epi ki gen revni ki nan oswa pi ba pase 150% FPL la pa pral gen pou peye yon prim.

Adilt ki andikape ki gen 19 an oswa plis

Si revni kòkay ou a pi wo pase 150% FPL la, ou pral gen pou w peye prim mansyèl. Montan prim lan baze sou

- ◆ revni mansyèl ou, jan sa konpare avèk FPL la,
- ◆ konbyen moun nan kòkay ou a, ak
- ◆ si w gen lòt asirans medikal.

Si w oblije peye yon prim, nou pral di w ki montan pou w peye epi n ap voye yon fakti ba w chak mwa. Pou plis enfòmasyon konsènan prim MassHealth ak prim Children's Medical Security Plan (CMSP), gade nan Seksyon 9.

» Prim

Dapre montan revni w, yo ka chaje w yon prim.

» Lòt asirans medikal

Si w gen oswa gendwa gen lòt asirans medikal, MassHealth ka peye yon pati nan prim asirans medikal kòkay ou a. Gade nan Seksyon 10, MassHealth ak lòt asirans medikal.

MassHealth Premium Assistance nan MassHealth CommonHealth

Règleman MassHealth yo egzije pou manm yo jwenn epi kenbe asirans medikal, an kontan asirans medikal nan yon travay. Pou detèmine elijiblite kontini nan MassHealth pou oumenm ak moun kòkay ou yo, nou gendwa mande pou enfòmasyon siplemantè, nan men w ak nan men konpayi kote w ap travay la, pou konnen si w gendwa gen kouvèti asirans medikal konpayi travay la ofri. MassHealth gendwa fè ankèt pou wè si yon moun k ap resevwa MassHealth CommonHealth swa anwole nan oswa gendwa gen yon asirans medikal kalifye konpayi travay li patwone. Ou fèt pou w kolabore nan founi enfòmasyon nesesè pou w kontinye elijib, an kontan prèv pou jwenn oswa kontinye gen asirans medikal ki disponib, osinon benefis MassHealth ou resevwa yo gendwa kanpe.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan règ pou asistans pou prim nan MassHealth CommonHealth, gade nan 130 CMR 505.000.

» Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth CarePlus, sèvis ki kouvri gen ladan sa ki site annapre a. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- ◆ Sèvis lopital pou malad ki entène*
- ◆ Sèvis pou malad ki pa entène lopital: lopital, klinik, doktè, dantis, planin famiyal, swen pou zye.
- ◆ Sèvis medikal: tès laboratwa, radyografi, terapi, sèvis famasi, linèt, aparèy oditif, ekipman ak founiti medikal, swen lajounen pou adilt ak mezon dakèy pou adilt (Pou plis enfòmasyon konsènan fason pou chwazi epi enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon, gade nan Seksyon 10.)
- ◆ Sèvis akiponkti†
- ◆ Sèvis sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòl)
- ◆ Tès pou timoun ki ansante (pou timoun ki poko gen 21 an), ikonpri medikal, vizyon, dantè, oditif, sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòl), ak tès sou devlopman, ansanm avèk vaksen
- ◆ Sèvis swen pou lontan adomisil oswa nan yon etablisman swen pou lontan, ikonpri sèvis swen adomisil
- ◆ Sèvis transpò‡
- ◆ Sèvis pou sispann fimen

* *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 415.000.*

† *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000.*

† *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 407.000.*

Enfòmasyon enpòtan pou timoun ak jèn adilt ki gen gwo bezwen pou sante mantal, sa gen ladan ASD oswa SED

MassHealth ofri sèten sèvis sante sou konpòtman pou timoun ki elijib ak jèn adilt elijib ki poko gen 21 an e ki enskri nan MassHealth Standard oswa MassHealth CommonHealth. Si pitit ou a pa elijib pou MassHealth Standard, epi yon evalyasyon sante sou konpòtman oswa lòt evalyasyon montre li gen gwo bezwen pou sante mantal, tankou twoub otis (ASD) oswa twoub emosyonèl grav (SED), li ka andikape epi elijib pou MassHealth CommonHealth.

Sèvis siplemantè pou timoun ki poko gen 21 an

Timoun, adolesan ak jèn adilt ki poko gen 21 an yo detèmine ki elijib pou MassHealth CommonHealth epi elijib tou pou sèvis tès depistaj, dyagnostig ak tretman bonè e peryodik (Early and Periodic Screening, Diagnosis and Treatment, EPSDT), ki enkli tout sèvis ki medikalman nesese lwa Medicaid kouvri. Gade 42 U.S.C. §§1396a(a)(10), 1396d(a), ak 1396d(r). Sa vle di MassHealth peye pou tout tretman ki medikalman nesese lwa Medicaid kouvri, si se yon founisè ki kalifye epi ki vle bay sèvis la ki bay li. Si tip kouvèti MassHealth timoun lan potko deja kouvri sèvis la, klinisyen an ka mande MassHealth pou otorizasyon annavans (PA) pou detèmine si sèvis la medikalman nesese. MassHealth peye pou sèvis la si yo bay PA.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105.

» Kouvèti a kòmanse

Si nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen yo nan yon peryòd 90 jou, eksepte pou prèv andikap, (oswa si w ansent oswa ou se yon timoun oswa yon jèn adilt ki poko gen 21 an ki elijib pou kouvèti swen medikal tanporè jan sa dekri nan paj 6 la), kouvèti w la ka kòmanse depi nan premye jou nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Si w gen fakti pou sèvis medikal ou resevwa nan twa mwa anvan w fè aplikasyon an, nou gendwa peye yo si w te elijib pandan twa mwa sa yo. Ou gendwa gen pou w ban n prèv sou revni, konbyen moun nan fanmi w, adrès, andikap, gwosès, oubyen asirans medikal.

Si w elijib pou kouvèti swen medikal ki baze sou yon andikap, kouvèti w la ka kòmanse 10 jou sivil anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Manm MassHealth CommonHealth ki ansent kalifye jiska fen gwosès la e pandan 12 mwa apre (postpartum).

Si w elijib pou asistans nan peman prim, ou pral kòmanse resevwa peman yo nan mwa yo te detèmine ou elijib pou resevwa asistans pou prim lan, oswa nan mwa dediksyon asirans medikal ou a kòmanse, nenpòt ladan yo ki rive pita.

MassHealth CarePlus

MassHealth CarePlus ofri yon gam benefis swen medikal pou adilt ki otreman pa elijib pou MassHealth Standard.

» Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou kapab jwenn MassHealth CarePlus si w se yon rezidan Massachusetts epi ou se yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki pa sitwayen ki kalifye, epi

- ♦ w se yon adilt ki gen ant 21 a 64 an, epi
- ♦ w pa elijib pou MassHealth Standard.

» Estanda sou revni

Reveni brit ajiste modifiye (MAGI) moun kòkay ou a pou MAGI MassHealth paka plis pase 133% nivo povrete federal la (FPL). Gade nan tablo ki pa anndan kouvèti aryè a pou nivo povrete federal la (FPL).

» Prim

Pa gen ankenn prim pou MassHealth CarePlus.

» Lòt asirans medikal

Si w gen oswa gendwa gen lòt asirans medikal, MassHealth ka peye yon pati nan prim asirans medikal kòkay la. Gade nan Seksyon 10, MassHealth ak lòt asirans medikal.

MassHealth Premium Assistance nan MassHealth CarePlus

Règleman MassHealth yo egzije pou manm yo jwenn epi kenbe asirans medikal, an kontan asirans medikal nan yon travay. Pou detèmine elijiblite kontini nan MassHealth pou oumenm ak moun kòkay ou yo, nou gendwa mande pou enfòmasyon sipleman, nan men w ak nan men konpayi kote w ap travay la, pou konnen si w gendwa gen kouvèti asirans medikal konpayi travay la ofri. MassHealth gendwa fè ankèt pou wè si yon moun k ap resevwa MassHealth CarePlus swa anwole nan oswa gendwa gen yon asirans medikal kalifye konpayi travay li patwone. Ou fèt pou w kolabore nan founi enfòmasyon nesès pou w kontinye elijib, an kontan prèw pou jwenn epi kontinye gen asirans medikal ki disponib, osinon benefis MassHealth ou resevwa yo gendwa kanpe.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan règ pou asistans pou prim nan MassHealth CarePlus, gade nan 130 CMR 505.000.

» Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth CarePlus, sèvis ki kouvri gen ladan sa ki site anba a. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- ♦ Sèvis lopital pou malad ki entène*
- ♦ Sèvis pou malad ki pa entène: lopital, klinik, doktè, dantis, swen pou zye ak planin familyal
- ♦ Sèvis medikal: tès laboratwa, radyografi, terapi, sèvis famasi, linèt, aparèy oditif, ekipman ak founiti medikal
- ♦ Sèvis akiponkti[†]
- ♦ Sèvis sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòl)
- ♦ Sèvis swen adomisil
- ♦ Sèvis transpò[‡]
- ♦ Sèvis pou sispann fimèn
- ♦ Sèvis nan etablisman enfimye alontèm pou mwens pase 100 jou. Si w bezwen plis pase 100 jou sèvis nan etablisman enfimye alontèm, ou dwe aplike pou MassHealth Standard.

** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 415.000.*

† Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000.

‡ Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 407.000.

» Kèk nan sèvis ki pa kouvri

Sèvis ki site anba a se kèk egzanp sèvis ki pa kouvri lè w enskri nan yon plan asirans nan MassHealth CarePlus.

- ♦ Sèvis reyabilitasyon yo ofri lajounen
- ♦ Sèvis pou swen pèsònèl
- ♦ Sèvis pou swen enfimye prive

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105.

Si w bezwen sèvis sa yo, ou gendwa gen sante frajil epi ou elijib pou chwazi pou w enskri nan MassHealth Standard. Tanpri rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

» Kouvèti a kòmanse

Si nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen yo nan yon peryòd 90 jou, eksepte pou prèw andikap, kouvèti w la ka kòmanse premye jou nan mwa anvan MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Si w gen fakti pou sèvis medikal ou resevwa nan twa mwa anvan w fè aplikasyon an, nou gendwa peye yo si w te elijib pandan twa mwa sa yo. Ou gendwa gen pou w ban n prè vò sou revni, konbyen moun nan fanmi w, adrès, andikap, gwosès, oubyen asirans medikal.

Si w elijib pou asistans nan peman prim, ou pral kòmanse resevwa peman yo nan mwa yo te detèmine ou elijib pou resevwa asistans pou prim lan, oswa nan mwa dediksyon asirans medikal ou a kòmanse, nenpòt ladan yo ki rive pita.

» Moun ki gen sante frajil

Moun ki gen sante frajil gendwa kapab jwenn plis benefis. Ou gendwa gen sante frajil si w

- ◆ gen yon pwoblèm medikal oswa yon kondisyon mantal ki limite kapasite w pou travay oswa pou al lekòl;
- ◆ gen yon pwoblèm toksikomani;
- ◆ bezwen èd avèk aktivite ou fè toulèjou, tankou benyen oswa abiye;
- ◆ regilyèman resevwa swen medikal, swen pèsònèl oswa sèvis medikal lakay ou oswa nan yon lòt kad nan kominote a, tankou swen lajounen pou adilt; oswa
- ◆ malad nan yon faz tèminal.

Si w gen sante frajil, tanpri rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711. Ou ka fè nou konnen nenpòt lè si w gen sante frajil. Si w di n ou gen sante frajil, ou gendwa chwazi pou w enskri nan MassHealth Standard. MassHealth Standard kouvri tout benefis menm jan ak MassHealth CarePlus, ansanm ak lòt benefis medikal siplemantè tankou sèvis ak sipò alontèm nan kominote a tankou prepoze swen pèsònèl, pwogram sante lajounen pou adilt, ak lòt bagay ankò. Pa gen ankenn prim mansyèl ni pou manm MassHealth CarePlus oswa CarePlus ki anwole nan MassHealth Standard.

Si chanje ale nan MassHealth Standard, ou gendwa gen pou w pran mezi siplemantè pou gen kèk benefis MassHealth Standard siplemantè. Pa egzanp, MassHealth ka bezwen enfòmasyon siplemantè oswa li ka bezwen tyeke pou asire benefis yo nesèsè epi apwopriye pou ou. Doktè w la ansanm ak Sèvis Kliyan MassHealth la eksplike w lòt etap sa yo. Menm si w gen sante frajil, ou ka chwazi rete enskri nan MassHealth CarePlus olye pou w ale nan MassHealth Standard. Si w vle rete nan MassHealth CarePlus, ou pa bezwen fè anyen ankò.

MassHealth Family Assistance

» Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou ka jwenn MassHealth Family Assistance si w se yon rezidan Massachusetts epi w pa elijib pou MassHealth Standard.

» Estanda sou revni

Pou timoun

- ◆ Yon timoun ki poko gen 19 an elijib si Revni brit ajiste modifiye (MAGI) kòkay la pou MAGI MassHealth nan oswa pi ba pase 300% FPL la epi timoun lan se yon sitwayen/resòtisan ameriken oswa li se yon imigran ki legal nan peyi a.
- ◆ Yon timoun ki poko gen 19 an elijib si Revni brit ajiste modifiye (MAGI) kòkay la pou MAGI MassHealth nan oswa pi ba pase 300% FPL la epi timoun lan se yon PRUCOL ki pa kalifye. (Gade nan Seksyon 11.)

Pou jèn adilt

- ◆ Yon jèn adilt ki gen 19 oswa 20 an elijib si MAGI kòkay la pou MAGI MassHealth nan oswa pi ba pase 300% FPL la epi jèn adilt se yon PRUCOL ki pa kalifye (gade nan Seksyon 11) epi ki pa gen aksè nan asirans yon anplwayè ofri ki konsidere kòm abòdab (satisfè kondisyon kouvèti esansyèl minimòm nan seksyon 1401 nan pwoteksyon malad ak Lwa sou swen ki abòdab (ACA)).

Pou adilt

- ◆ Yon adilt elijib si MAGI kòkay pou MAGI MassHealth la nan oswa pi ba pase 300% FPL la epi adilt la se yon PRUCOL ki pa kalifye epi ki pa gen aksè nan asirans yon anplwayè ofri ki konsidere kòm abòdab (satisfè kondisyon kouvèti esansyèl minimòm ki nan seksyon 1401 nan Pwoteksyon malad ak Lwa sou swen ki abòdab (ACA)).
- ◆ Yon adilt ki gen VIH elijib si MAGI kòkay pou MAGI MassHealth la pi wo pase 133%, men nan oswa pi ba pase 200% FPL la, epi li se yon sitwayen/ resòtisan ameriken oswa yon etranje ki kalifye.
- ◆ Yon adilt ki andikape elijib si revni kòkay la nan oswa pi ba pase 100% FPL la epi li se yon etranje ki kalifye, yon imigran legal nan peyi a ki pa kalifye, oswa yon PRUCOL ki pa kalifye. XXX

» Prim

Daprè montan revni w, yo ka chaje w yon prim. Gade nan Seksyon 9.

» Lòt asirans medikal

Si w gen oswa gendwa gen lòt asirans medikal, MassHealth ka peye yon pati nan prim asirans medikal kòkay la. Gade nan Seksyon 10.

MassHealth Premium Assistance nan MassHealth Family Assistance

Règleman MassHealth yo egzije pou manm yo jwenn epi kenbe asirans medikal, an kontan asirans medikal nan yon travay. Pou detèmine elijiblite kontini nan MassHealth pou oumenm ak moun kòkay ou yo, nou gendwa mande pou enfòmasyon sipleman, nan men w ak nan men konpayi kote w ap travay la, pou konnen si w gendwa gen kouvèti asirans medikal konpayi travay la ofri. MassHealth gendwa fè ankèt pou wè si yon moun k ap resevwa MassHealth Family Assistance swa anwole nan oswa gendwa gen yon asirans medikal kalifye konpayi travay li patwone. Ou fèt pou w kolabore nan founi enfòmasyon nesèsè pou w kontinye elijib, an kontan prèv pou jwenn epi kontinye gen asirans medikal ki disponib, osinon benefis MassHealth ou resevwa yo gendwa kanpe.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan règ pou asistans pou prim nan MassHealth Family Assistance, gade nan 130 CMR 505.000.

» Kòman pou jwenn benefis ou yo

Si w enskri nan asirans medikal anplwayè w la, MassHealth ka ede w peye pou asirans sa a nan voye ba ou yon chèk chak mwa pou asistans nan montan prim pou benefis ou yo. Gade nan Seksyon 10 pou plis enfòmasyon konsènan asistans nan peman prim.

» Sèvis ki kouvri

Moun ki enskri nan yon plan asirans medikal nan MassHealth Family Assistance jwenn sèvis aplikab ki site annapre a. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- ◆ Sèvis lopital pou malad ki entènè*
- ◆ Sèvis pou malad ki pa entènè lopital: lopital, klinik, doktè, dantis, planin famiyal, swen pou zye
- ◆ Sèvis medikal: tès laboratwa, radyografi, terapi, sèvis famasi, linèt, aparèy oditif, ekipman ak founiti medikal
- ◆ Sèvis akiponkti[†]
- ◆ Sèvis swen adomasil
- ◆ Sèvis sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòlXXX)
- ◆ Tès pou timoun ki ansante (pou timoun ki poko gen 21 an), ikonpri medikal, vizyon, dantè, oditif, sante sou konpòtman (pwoblèm sante mantal ak pwoblèm pa ka viv san dwòg oswa alkòlXXX), ak tès sou

- devlopman, ansanm avèk vaksen
- ◆ Sèvis anbilans (kadjans sèlman)
- ◆ Sèvis pou sispann fimèn

* *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 415.000.*

† *Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth nan 130 CMR 447.000.*

» Kèk nan sèvis ki pa kouvri

Sèvis ki site annapre a se kèk egzanp sou sèvis ki pa kouvri lè w enskri nan yon plan asirans medikal nan MassHealth Family Assistance.

- ◆ Sèvis reyabilitasyon yo ofri lajounen
- ◆ Sèvis pou swen pèsonèl
- ◆ Sèvis pou swen enfimye prive
- ◆ Sèvis nan etablisman kote yo bay swen enfimye

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105.

» Kouvèti a kòmanse

Si nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen yo nan yon peryòd 90 jou, eksepte pou prèv andikap (oswa si w yon moun ki ansent oswa ou se yon jèn adilt ki poko gen 21 an ki elijib pou kouvèti swen medikal tanporè jan sa dekri nan paj 6 la), kouvèti w la ka kòmanse depi nan premye jou nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Si w gen fakti pou sèvis medikal ou resevwa nan twa mwa anvan w fè aplikasyon an, nou gendwa peye fakti sa yo si w te elijib pandan twa mwa sa yo. Ou gendwa gen pou w ban n prèv sou revni, konbyen moun nan fanmi a, adrès, andikap, gwosès, oubyen asirans medikal.

Manm MassHealth Family Assistance ki ansent elijib jiska fen gwosès la e pandan 12 mwa apre (postpartum).

Si w elijib pou kouvèti swen medikal, kouvèti w la ka kòmanse 10 jou sivil anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

Si w elijib pou asistans nan peman prim, ou pral kòmanse resevwa peman yo nan mwa yo te detèmine ou elijib pou resevwa asistans pou prim lan, oswa nan mwa dediksyon asirans medikal ou a kòmanse, nenpòt ladan yo ki rive pita.

MassHealth Limited

Tip kouvèti sa a ofri sèvis sante nan kadjans pou moun ki, dapre lalwa federal, genyen yon estati imigrasyon ki anpeche yo jwenn plis sèvis. (Gade nan Seksyon 11 pou règ sou sitwayènte ameriken ak imigrasyon.)

» Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou ka jwenn benefis MassHealth Limited si w se yon rezidan Massachusetts epi w

- ◆ Ansent.
- ◆ Poko gen 19 an.
- ◆ Yon jèn adilt ki gen 19 oswa 20 an.
- ◆ Adilt ki gen ant 21 - 64 an.
- ◆ Yon paran ki abite avèk pitit ou ki poko gen 19 an.*
- ◆ Yon adilt k ap pran swen fanmi an ki abite avèk timoun ki poko gen 19 an epi se oumenm ki prensipalman pran swen timoun sa yo alòske pa gen youn nan paran yo ki abite nan kay la.*
- ◆ Andikape selon nòm lwa federal ak leta fikse. Sa vle di ou gen yon pwoblèm mantal oswa fizik ki limite w oswa ki anpeche w travay pandan omwen 12 mwa. MassHealth deside si w satisfè nòm andikap yo.

* Benefis sa yo disponib tou pou paran ak moun k ap pran swen fanmi ki gen 65 an oswa plis.

» Estanda sou revni

Pou enfòmasyon konsènan revni, gade nan Seksyon 8. Gade nan tablo a ki pa anndan kouvèti aryè a pou nivo povrete federal yo (FPL).

Pou moun ki ansent ak timoun ki poko gen 1 an, MAGI kòkay ou a pou MAGI MassHealth paka plis pase 200% FPL la. Si w ansent, yo konte pitit ou ki poko fèt nan kantite moun ki nan kòkay ou a, ki vle di gen omwen de moun nan kòkay ou a.

Timoun ki poko gen 1 an ki satisfè nòm sa yo ka jwenn sèvis tou nan CMSP. (Gade nan Seksyon 5.)

Pou timoun ki gen ant 1 an jiska 18 an, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 150% FPL la. Timoun sa yo gendwa jwenn sèvis tou nan CMSP. (Gade nan Seksyon 5.)

Pou jèn adilt ki gen ant 19 an jiska 20 an, MAGI nan kòkay MAGI MassHealth ou a paka plis pase 150% FPL la.

Pou paran oswa fanmi k ap pran swen timoun ki poko gen 19 an ak adilt ki gen ant 21-64 an, MAGI nan kòkay

MAGI MassHealth ou a paka plis pase 133% FPL la.

Pou adilt ki andikape, revni kòkay la paka plis pase 133% FPL la.

» Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth Limited, sèvis ki kouvri gen ladan sa ki site anba a. Ou ka jwenn swen sèlman pou ijans medikal (kondisyon ki ta gendwa lakòz gwo domaj san tretman).

- ◆ Sèvis ijans nan lopital gen ladan tranche ak akouchman
- ◆ Sèvis ijans nan lopital pou malad ki pa entène epi pou vizit dijans nan saldjans
- ◆ Sèten sèvis doktè ak klinik bay nan etablisman ki pa yon lopital
- ◆ Sèvis famasi ki itilize pou trete yon pwoblèm medikal ijan
- ◆ Transpò nan anbilans pou yon pwoblèm medikal ijan

Note: Health Safety Net ka peye pou kèk sèvis MassHealth Limited pa kouvri lè se lopital ki bay sèvis yo nan lopital swen ijan Massachusetts ak nan sant medikal kominotè. Gade nan Seksyon 6.

» Kèk nan sèvis ki pa kouvri

Sèvis medikal ki pa ijan, sa gen ladan swen ak sèvis ki gen rapò ak pwosedi transplantasyon yon ògàn.

» Kouvèti a kòmanse

Si w elijib, kouvèti swen medikal ou a gendwa kòmanse premye jou nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon w lan, si nou jwenn tout enfòmasyon nou bezwen yo nan yon delè 90 jou.

Si w gen fakti pou sèvis medikal ou resevwa nan twa mwa anvan w fè aplikasyon an, nou gendwa peye yo si w te elijib pandan twa mwa sa yo. Ou gendwa gen pou w ban n prèv sou revni, konbyen moun nan fanmi a, adrès, andikap, gwosès, oubyen asirans medikal.

Ou ka jwenn yon deskripsyon ki pi detaye sou kondisyon elijiblite MassHealth nan règleman MassHealth nan 130 CMR 501.000 jiska 508.000 epi 522.000.

Ou ka jwenn yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis oswa benefis nan chak tip kouvèti MassHealth nan règleman MassHealth nan 130 CMR 450.105.

SEKSYON 3

Enskripsyon nan plan asirans MassHealth

» Gen plizyè fason pou w enskri nan yon plan.



Monte nan mass.gov/how-to/enroll-in-a-masshealth-health-plan-individuals-and-families-younger-than-65 pou enskri anliy.



Enpriman fòm elektwonik la nan mass.gov/how-to/enroll-in-a-masshealth-health-plan-individuals-and-families-younger-than-65, ranpli l, epi voye l tounen pa lapòs nan adrès ki make sou fòm lan.



Telefonnen lendi-vandredi, 8:00 a.m.–5:00 p.m. nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

» Manm ki annapre la yo ka, nenpòt lè yo vle, chanje plan medikal pou nenpòt ki rezon.

- ♦ Timoun ki nan men oswa nan swen Department of Children and Families (DCF)
- ♦ Timoun ak jèn adilt ki nan men oubyen oswa nan swen Department of Youth Services (DYF)
- ♦ Nouvone ak timoun ki poko gen 1 an
- ♦ Manm ki enskri nan Plan Primary Care Clinician an

» Pou chwazi yon plan asirans

Yon plan asirans se yon gwoup founisè swen, lopital, ak lòt pwofesyonèl ki travay ansanm pou ede satisfè bezwen medikal ou yo. Pifò nan manm MassHealth yo jwenn sèvis swen medikal nan yon plan asirans.

Si w elijib pou w enskri nan yon plan asirans MassHealth, n ap fè w konn sa e n ap voye ba w Gid pou enskri nan MassHealth lan. Chwazi yon plan asirans ak yon doktè pou oumenm ak kòkay ou a se yon desizyon ki trèzenpòtan. Si w bezwen èd pou w pran desizyon sa a, ou ka fè youn oswa toude nan sa ki make annapre a.

- ♦ Revwa gid enskripsyon nan MassHealth la. Pou w jwenn yon kopi, monte nan mass.gov/lists/masshealth-member-guides-and-handbooks.
- ♦ Sonnen nou nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Si w **blije** tnan yon plan asirans, se pou w enskri nan yon plan asirans **nan yon delè 14 jou** apre dat nou voye Gid pou enskri nan MassHealth la ba ou pa lapòs. **Si w pa chwazi yon plan asirans, MassHealth ap chwazi youn pou ou.** Ou gen kouvèti asirans MassHealth pandan w ap fè enskripsyon w lan nan yon plan asirans. Si w bezwen èd pou chwazi yon plan asirans, monte nan masshealthchoices.com.

» Peryòd pou chwazi yon plan ak peryòd fiks pou enskri nan MassHealth

Manm MassHealth ki enskri nan yon plan asirans ka chanje plan asirans yo genyen an pandan peryòd anyèl la pou chwazi yon plan. Depi w enskri nan yon plan asirans, MassHealth ap voye youn lèt ba ou k ap konfime enskripsyon w lan. Lèt sa a ap kite w konnen tou dat peryòd pou chwazi plan an.

Si w gen yon **peryòd pou chwazi yon plan**, sa vle di w ap gen 90 jou pou w chanje plan asirans ou an pou kèlkeswa ki rezon. Peryòd 90 jou a pou chwazi yon plan ap kòmanse nan dat ou chwazi yon plan asirans osinon nan dat MassHealth ba w youn.

Apre 90 jou, w ap nan **peryòd enskripsyon fiks la**. Nan lè sa a ou pap gendwa chanje plan asirans ou an amwenske se pou rezon byen presi. Men ki kote w ap jwenn youn lis sou rezon sa yo:

- ♦ Nan sit entènèt nou a nan mass.gov/info-details/fixed-enrollment-period.
- ♦ Nan Gid pou enskri nan MassHealth. Pou w jwenn youn kopi, monte nan mass.gov/lists/masshealth-member-guides-and-handbooks oswa sonnen nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.
- ♦ Nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 508.004.

W ap gen, chak lane, youn nouvo peryòd 90 jou pou chwazi yon plan.

SEKSYON 4

Massachusetts Health Connector

Massachusetts Health Connector ofri aksè nan plan asirans medikal ak asirans dantè pou endividi, fanmi, ak ti antrepriz.

Kouvèti medikal nan Health Connector pa menm ak MassHealth.

Jeneralman, ou ka kalifye pou achte yon plan asirans sante epi/oswa dantè nan Health Connector a si w ranpli kondisyon ki annapre la yo.

- ◆ Ou se yon rezidan Massachusetts.
- ◆ Ou se yon sitwayen/resòtisan ameriken, oswa ou abite legalman Ozetazini.
- ◆ Ou pa nan prizon, amwenske w ap tann pou w al nan pwosè.

» Plan Health Connector yo

Tout plan medikal ki ofri yo bay benefis sante konplè, ki gen ladan vizit kay doktè oswa lopital, ak preskripsyon. Plan Health Connector yo dekri annapre la epi yo itilize tèm metalik pou rann li pi fasil pou konpare yo.

- ◆ Plan platin yo gen prim ki pi wo, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi ba.
- ◆ Plan lò ak ajan yo gen prim ki pi ba, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi wo.
- ◆ Plan bwonz yo genyen prim ki pi ba nèt, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi wo nèt.

Chak plan medikal ofri diferan doktè, lopital, ak lòt founisè nan rezo yo tou.

Kredi taks pou prim

Kredi taks nan prim se yon jan pou bese prim asirans ou yo. Montan kredi taks ou a depann sou kantite moun ki nan kòkay ou a, revni w, e frè plan medikal ki disponib pou ou. Ou ka chèche konnen si wi ou non ou kalifye pou yon kredi taks, epi konbyen kredi a ap ye, aprè w fin soumèt yon aplikasyon.

Si w kalifye pou yon kredi taks pou prim ki bay davans, ou ka chwazi pou w resevwa l swa nan fen lane a lè w plen taks ou, oswa ou ka sèvi ak li pou peman prim asirans ou an chak mwa, kòm yon kredi taks pou prim ki bay davans (Advance Premium Tax Credit, APTC). Yo pral voye kredi taks la dirèkteman nan konpayi asirans ou an konsa w ap gen pou peye mwens chak mwa.

Plan ConnectorCare yo

Anplis de kredi taks pou prim ki bay davans nan men gouvènman federal la, ou ka resevwa èd tou pou peye asirans medikal ou nan Massachusetts atravè yon plan asirans medikal ConnectorCare.

Plan ConnectorCare se plan asirans medikal ki gen pi piti prim lemwa, pa gen dediktib, e gen pi piti kopeman.

Pataj frè spesyal pou endyen ameriken ak natif Alaska

Endyen ameriken ak natifnatal Alaska ka jwenn èd anplis pou peye pou swen yo. Si w se yon endyen ameriken epi ou resevwa sèvis dirèkteman nan yon sant

sèvis sante pou endyen, nan yon òganizasyon endyen tribi oswa iben, oswa atravè pwogram sèvis sante sou kontra, ou pa pral gen pou w peye ankenn depans lè w resevwa swen. Epitou ou ka enskri nan plan asirans oswa chanje plan asirans chak mwa pandan tout ane a. Endyen ameriken ak natifnatal Alaska ki gen revni ki nan oswa ki pi ba pase 300% FPL la pa pral gen pou peye ak lajan pa yo, tankou kotpa, franchiz, ak ko-asirans.

Elijiblite pou kredi taks pou prim ki bay davans ak ConnectorCare

- ◆ Plan ConnectorCare gendwa disponib pou kòkay ki gen revni ki nan 500% oswa pi ba pase nivo povrete federal la (Federal Poverty Level, FPL).
- ◆ Kredi taks pou prim ki bay davans (Advance Premium Tax Credits, APTC) gendwa disponib pou kòkay ki gen kèlkeswa ki revni. Montan ou kalifye pou w gen an baze sou montan revni w e sou pri plan ki disponib pou ou yo. APTC ede limite pri prim pa mwa yo pou w gen chwa nan plan asirans yo ki pa plis pase 8.5% montan revni kòkay ou a, ak ki souvan mwens. Epitou ou ka kalifye pou kredi taks si w se yon imigran ki legal nan peyi a epi ki gen revni ki nan oswa ki pi ba pase 100% FPL la.

Pou kalifye pou kredi taks pou prim ki bay davans ak ConnectorCare, w ap gen tou pou w satisfè kondisyon ki make annapre a la.

- ◆ Ou pa ka achte asirans medikal nan men yon anplwayè ki satisfè kondisyon "valè minimòm" lan epi ki nan yon pri abòdab.
- ◆ Ou pa elijib pou kouvèti nan yon plan gouvènman an patwone, tankou MassHealth, Medicare, ak TRICARE.
- ◆ Ou dakò pou ranpli taks federal ou sou revni pou chak ane w resevwa benefis.
- ◆ Ou dakò pou plen taks ou ansanm si w marye.

Kòman pou m konnen si plan anplwayè mwen an satisfè nòm valè minimòm lan?

Nòm "valè minimòm" siyifi plan asirans lan pral peye omwen 60% nan pri total sèvis medikal yo pou yon popilasyon tipik. Lòt 40% nan depans yo se manm lan k ap peye l atravè franchiz, kotpa, ak ko-asirans. Pifò plan anplwayè yo satisfè nòm valè minimòm yo. Pou w ka konnen si plan anplwayè w la satisfè nòm sa yo, pale avèk depatman resous imen w lan oswa rele plan asirans lan.

Ki plan anplwayè a "abòdab"?

An fonksyon pwoteksyon pasyan ak Affordable Care Act (ACA), plan anplwayè ou a konsidere pou l abòdab nan lane 2025 si plan ki mwen chè a koute mwens pase 9.02% revni total kòkay ou a.

Kondisyon pou plen taks ou

Pou resevwa kredi taks oubyen plan ConnectorCare yo, se pou w plen taks ou pou ane kote w te resevwa kredi taks oubyen yon plan ConnectorCare. Si w marye, se pou w plen taks nou ansanm, amwenske ou viktim britalite lakay ou oubyen konjwen w lan kite w. Ou pa gen pou w plen taks ou pou w resevwa benefis MassHealth, Children's Medical Security Plan (CMSP), oubyen Health Safety Net (HSN).

Si w te resevwa anvan sa yon kredi taks pou prim ki bay davans (APTC) oswa w te gen yon plan ConnectorCare, konnen ou fèt pou w "mete annakò" avèk IRS tout kredi taks ou te resevwa. Pou w mete l annakò, se pou w ranpli Fòm 8962 IRS la lè w ap plen taks federal ou. Fòm 8962 gen enfòmasyon IRS itilize pou wè si w resevwa bon jan valè kredi taks la ki pou bese prim ou peye nan lane a pou asirans medikal ou a.

Si w resevwa twòp kredi taks alavansXXX, ou gendwa dwe kèk oswa tout valè kredi taks la bay IRS. Si w pa resevwa ase kredi taks, ou gendwa resevwa ranbousman valè ou te peye anplis. Se pou w ranpli Fòm 8962 lè w ap plen taks ou chak lane lè w resevwa yon APTC.

» Prim

Si w gen yon prim mansyèl, ou fèt pou w peye l chak mwa anvan le 23 nan mwa a. Lè w enskri nan yon plan nan Health Connector, w ap gen pou w peye premye prim lan anvan le 23 nan mwa a pou kouvèti asirans ou a kòmanse.

» Kouvèti a kòmanse

Après w fin kalifye pou yon plan asirans medikal oswa yon plan asirans dantè nan Health Connector, ou dwe konplete enskripsyon w lan anvan kouvèti w la ka kòmanse. Pou fini enskripsyon an, ou dwe chwazi yon plan asirans medikal oswa dantè epi peye premye prim lan anvan le 23 nan mwa a. Yonfwa ou fin chwazi yon plan epi w peye premye fakti a, kouvèti w la pral kòmanse sou premye jou nan pwochen mwa a.

SEKSYON 5

Children's Medical Security Plan

Plan sekirite medikal pou timoun (Children's Medical Security Plan, CMSP) ofri asirans medikal pou swen primè ak swen prevantif pou timoun ak adolesan ki pa gen kouvèti swen medikal. Se MassHealth ki detèmine elijiblite pou pwogram sa a.

» Kiyès ki ka jwenn benefis

Ou ka jwenn kouvèti nan CMSP a si w se yon rezidan Massachusetts epi w

- ◆ poko gen 19 an,
- ◆ pa gen asirans, epi
- ◆ pa elijib pou okenn tip kouvèti MassHealth apa MassHealth Limited. Ou gendwa elijib ni pou CMSP ni pou MassHealth Limited nan menm lè a.

» Estanda sou revni

Pa gen ankenn limit nan revni pou CMSP. Si revni MAGI kòkay ou a pi wo pase 200% FPL la, ou ka gen pou peye yon prim. Pou plis enfòmasyon konsènan prim MassHealth ak prim CMSP, gade nan Seksyon 9.

Gade nan tablo ki pa anndan kouvèti aryè a pou nivo povrete federal la (FPL).

Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan prim yo nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 506.000.

» Sèvis ki kouvri

Pou CMSP, sèvis ki kouvri yo gen nan yo sa ki site annapre a. Ka gen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike yo ba ou.

- ◆ Sèvis pou moun ki pa entène ankontan konsiltasyon pou swen prevantif ak pou maladi
- ◆ Konsiltasyon nan klinik doktè, premye swen ak swen suivi
- ◆ Vizit pou swen ijan, pa gen ladan swen ijan nan yon lopital kòm maladi ki pa entène oubyen nan yon depatman dijans.
- ◆ Sèvis sante mantal ak sèvis pou toksikomani kòm maladi ki pa entène pou jiska 20 vizit nan chak ane fiskal
- ◆ Operasyon ak anestezi pou maladi ki pa entène e ki medikalman nesèsè pou tretman èni enginal ak tib oditif
- ◆ Medikaman ou achte avèk preskripsyon jiska \$200 pou chak ane fiskal
- ◆ Egzamen anyèl pou zye ak tès oditif
- ◆ Sèvis dyagnostik laboratwa oubyen radyoloji
- ◆ Ekipman medikal dirab jiska \$200 pou chak ane fiskal. Ekipman medikal dirab ki gen rapò ak opresyon, dyabèt ak epilepsi ka disponib jiska yon lòt \$300 pou chak ane fiskal
- ◆ Sèvis dantè – \$750 maksimòm pa ane fiskal – eksepte pou dantristri kosmetik oubyen dantistri chirijikal. Limit nan kantite fwa aplike sou sèten sèvis dantè.

Kèk nan sèvis ki pa kouvri:

- ◆ Sèvis nan sal dijans
- ◆ Transpò nan anbilans oubyen lòt transpò medikal
- ◆ Swen lopital pou malad ki entène
- ◆ Swen dantè kosmetik oubyen òtodontik

» Kouvèti a kòmanse

Si w elijib, kouvèti swen medikal ou a kòmanse nan dat MassHealth fè detèminasyon final sou elijiblite w la.

» Limit nan enskripsyon

MassHealth ka limite kantite timoun ki ka enskri nan CMSP. Si MassHealth mete yon limit konsa, aplikan ki detèmine pou yo elijib ap plase sou yon lis datant. Lè MassHealth ka ouvri enskripsyon pou CMSP, nou pral trete aplikasyon yo nan lòd yo te mete yo sou lis datant lan.

Note: Health Safety Net la ka peye pou kèk sèvis CMSP pa kouvri lè yo resevwa sèvis yo nan lopital ki bay swen ijan ak nan sant sante kominotè nan Massachusetts. Gade nan Seksyon 6.

Ou ka jwenn yon deskripsyon ki pi detaye sou kondisyon elijiblite MassHealth nan règleman MassHealth nan 130 CMR 522.000.

SEKSYON 6

Health Safety Net

Health Safety Net (HSN) peye lopital ki bay swen ijan ak sant sante kominotè nan Massachusetts pou kèk swen medikal yo bay malad ki gen revni ki ba (Rezidan Massachusetts ki gen revni kòkay pa yo a ki nan oswa ki pi ba pase 300% FPL la). Se MassHealth ki detèmine elijiblite pou HSN.

» Kiyès ki ka jwenn benefis

HSN ka peye pou kèk sèvis ou resevwa nan yon lopital ki bay swen ijan oswa yon sant sante kominotè si w se yon rezidan Massachusetts epi ou pa gen asirans oswa ou pa gen ase asirans (asirans medikal ou a pa kouvri tout sèvis ki medikalman nesèsè).

» Estanda sou revniXXX

Ou dwe ban nou prèv revni brit ajiste ki modiye (MAGI) pou chak moun ki nan kòkay ou a. (Gade nan Seksyon 8.) HSN kouvri moun ki gen revni MAGI kòkay ki nan oswa ki pi ba pase 300% FPL la. Si revni MAGI w la pi wo pase 150% epi li nan oswa pi ba pase 300%, ou ka gen pou peye yon franchiz anyèl ki baze sou revni a. Franchiz la se yon sèten montan depans pou swen medikal ou responsab pou peye.

Toude fakti ki peye ki ki pa peye ka konte nan montan franchiz ou a. Sèl sèvis HSN ka peye ap konte nan montan dediktib ou a. Doktè prive e fakti pou laboratwa oubyen radyoloji prive pa konte nan dediktib ou a, menm si ou resevwa swen sa yo nan yon lopital. Mande founisè w la ki fakti ou ka konte nan montan franchiz ou a.

» Sèvis ki kouvri

Pou HSN, se yon lopital ki bay swen ijan oswa yon sant sante kominotè nan Massachusetts ki pou bay sèvis yo. HSN jeneralman pral peye pou menm sèvis MassHealth Standard kouvri.

HSN peye pou kèk sèvis famasi, men ou dwe ranpli preskripsyon w nan yon famasi ki asosye avèk doktè ki te ekri preskripsyon w lan.

Kapab gen kèk limit, kidonk ou dwe toujou tyeke avèk yon founisè pou wè si yo ofri sèvis la. Yo ka chaje w yon franchiz.

Kèk nan sèvis ki pa kouvri

Kèk nan sèvis ki pa kouvri yo site annapre a. Ou ta dwe tyeke avèk founisè w la pou ka gen lis konplè ki fè konnen sa ki kouvri ak sa ki pa kouvri.

- ◆ Doktè ki pa anplwaye lopital la, menm si yo travay nan lopital la
- ◆ Sèvis anbilans
- ◆ Chaj laboratwa kote se pa yon lopital ki bay swen ijan oswa sant sante kominotè nan Massachusetts ki voye fakti a
- ◆ Sèvis radyoloji kote se pa yon lopital ki bay swen ijan oswa sant sante kominotè nan Massachusetts ki voye fakti a
- ◆ Ekipman medikal dirab, eksepte pou beki ak baton yo ba w pandan yon vizit medikal

- ◆ Sèvis non-medikal (sosyal, edikasyonèl, vokasyonèl)
- ◆ Sèvis ki pa medikalman nesèsè
- ◆ Sèvis eksperimantal oswa ki pa pwouve

Ou ka jwenn yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri ak tout limit ki genyen nan règleman HSN yo nan 101 CMR 613.000.

» Kouvèti a kòmanse

Si nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen nan yon peryòd 90 jou epi w elijib, elijiblite HSN ou a kòmanse 10 jou anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon w lan.

» Estanda revni pou franchiz

Si revni MAGI w la pi wo pase 150% FPL la, ou ka petèt responsab pou yon franchiz. Yon franchiz HSN egal ak swa frè anyèl aktyèl prim mansyèl ConnectorCare ki pi ba a (\$612 ki kòmanse nan dat Ti liv manm sa a pibliye), oswa 40% nan diferans ki genyen ant MAGI ki pi ba nan faktirasyon prim pou gwoup fanmi w lan (PBFG) ak 200% FPL la, kèlkeswa sa ki pi plis la. (Gade nan Seksyon 9.)

» Difilikite Medikal

Difikilte Medikal se yon kalite èd HSN ki disponib pou moun oubyen fanmi moun sa yo ki gen frè medikal ki si tèlman anpil yo pa ka peye bòdwò medikal yo. Konseye finansyè gendwa ranpli aplikasyon pou difilikite medikal swa nan lopital swen ijan oswa nan sant medikal kominotè. Moun pa kapab ranpli aplikasyon plis pase defwa nan yon peryòd 12 mwa.

» Pwosesis pou pote plent

Pasyan yo gendwa mande pou HSN revize yon elijiblite pou difilikite medikal oswa pou wè si founisè a ap suiv règleman HSN yo. Pou pote yon plent nan HSN, voye yon lèt bay:

Health Safety Net Office
Attn.: HSN Grievances
100 Hancock Street, 6th Floor
Quincy, MA 02171.

Lèt sa a dwe gen non w ak adrès ou, epi, si l posib, enfòmasyon konsènan sitiyasyon an, rezon pou plent lan, non founisè a (si gen yon founisè ki enplike), ansanm ak tout lòt enfòmasyon ki enpòtan. Si w gen kesyon konsènan pote yon plent kont HSN, sonnen nimewo pou asistans telefoni HSN nan (877) 910-2100.

SEKSYON 7

Dwa ak responsablite ou yo

» Non-diskriminasyon

MassHealth konfòme l ak tout lwa federal ki konsène dwa sivil. Nou pa fè diskriminasyon, nou pa ekskli, epi nou pa trete okenn moun dapre ras; koulè po; peyi natifnatal; laj; andikap; relijyon; kwayans; preferans seksyèl; sèks; idantite jann; oubyen ekspresyon seksyèl.

MassHealth founi èd ak sèvis gratis bay moun ki gen andikap pou yo sa kominike trè byen avè n. Gen ladan sa ki annapre a.

- ◆ Entèprèt ki kalifye pou langaj an siy
- ◆ Enfòmasyon alekri sou lòt fòma, an kontan ekri avèk gwo lèt, bray, fòma elektwonik ki aksesib, ak lòt fòma ankò.

Nou founi tou sèvis lang gratis bay moun kote anglè pa lang manman yo. Sèvis gen nan yo sa ki make annapre a.

- ◆ Entèprèt ki kalifye
- ◆ Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kominike avè n nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Si w kwè MassHealth manke founi w sèvis sa yo oswa l fè yon lòt diskriminasyon poutèt ras, koulè po, peyi natifnatal, laj, andikap, relijyon, kwayans, oryantasyon seksyèl oswa sèks, sa gen ladan idantite jann ak estereyotip jann, ou gendwa pote yon plent bay:

Section 1557 Compliance Coordinator
1 Ashburton Place, 11th Floor
Boston, MA 02108

Telefòn: (800) 368-1019, TTY/TDD: (800) 537-7697

Faks: (617) 889-7862, oswa

Imèl: Section1557Coordinator@state.ma.us

Si w bezwen èd pou w pote yon plent, ajan konfòmite seksyon 1557 la ka ede w fè sa.

Men lòt jan ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman sante ak sèvis sosyal Etazini Damerik, Biwo dwa sivil (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights):

Elektwonik nan pòtay Biwo pou plent sou dwa sivil ki nan

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>

Lapòs

US Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW
Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201, oswa

Telefòn: (800) 368-1019,

TTY/TDD: (800) 537-7697.

Fòm pou pote plent yo disponib nan hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

» Enfòmasyon prive ak konfidansyalite

MassHealth ak Massachusetts Health Connector a angaje l pou l kenbe konfidansyèl enfòmasyon pèsònèl ou yo. Tout enfòmasyon pèsònèl nou gen sou moun k ap aplike oswa sou manm se enfòmasyon konfidansyèl, sa gen ladan done medikal, kondisyon sante, ansanm ak enfòmasyon pèsònèl ou ban nou pandan w ap fè aplikasyon pou jwenn ak pou resevwa benefis. Yo paka itilize oswa divulge enfòmasyon sa a pou bi ki pa gen rapò ak administrasyon MassHealth oswa Health Connector a, san w pa bay pèmision w amwenske lalwa oswa yon lòd tribinal egzije sa.

Ou ka ban nou pèmision alekri pou nou itilize enfòmasyon medikal pèsònèl ou pou yon bi presi oswa pataje l avèk yon moun oswa yon òganizasyon presi. Ou ka ban nou pèmision w tou pou nou pataje enfòmasyon pèsònèl ou avèk reprezantan w ki otorize a, konseye ki sètifye pou aplikasyon, oswa moun nan kap gide w (navigatè), si w gen youn, lè w ranpli yon fòm deziyasyon pou reprezantan otorize (Authorized Representative Designation Form, ARD), yon fòm deziyasyon pou konseye ki sètifye pou aplikasyon (Certified Application Counselor Designation Form), oswa yon fòm deziyasyon pou moun nan kap gide w (Navigator Designation Form).

Pou plis enfòmasyon sou dwa ou genyen e sou kòman MassHealth e Health Connector gendwa itilize e pataje enfòmasyon ou yo, gade tanpri nan Lèt MassHealth sou pratik nan pwoteksyon konfidansyalite e politik Health Connector sou konfidansyalite. Ou ka jwenn yon kopi notis sou pratik lavi prive MassHealth lè w rele n nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711, oswa lè w monte nan mass.gov/masshealth. Ou ka gade règleman sou lavi prive Health Connector a nan mahealthconnector.org/site-policies/privacy-policy.

» Reprezantan otorize

Yon reprezantan otorize se yon moun ou chwazi pou l ede w jwenn kouvèti swen medikal nan pwogram MassHealth ak Massachusetts Health Connector ofri. Ou ka fè sa lè w ranpli fòm ki rele Authorized Representative Designation Form (ARD) oswa yon fòm ki similè pou deziyen yon reprezantan. Yon reprezantan otorize ka ranpli aplikasyon w lan oswa fòm pou revizyon elijiblite; li ka bay prèv pou fòm elijiblite sa yo; rapòte chanjman nan revni w, adrès ou, oswa lòt sikonstans; resevwa kopi tout notis sou elijiblite oswa enskripsyon MassHealth oswa Health Connector voye ba ou; epi li ka aji onon w nan tout bagay ki gen rapò ak MassHealth oswa Health Connector.

Yon reprezantan otorize ka yon zanmi, yon fanmi, oswa yon lòt moun oswa òganizasyon ou chwazi epi ki dakò pou ede w. Se oumenm ki pou chwazi yon reprezantan otorize si w vle gen youn. MassHealth oswa Health Connector pa pral chwazi yon reprezantan otorize pou ou.

Ou dwe deziye alekri sou fòm ARD a oswa yon dokiman similè pou deziye yon reprezantan oswa yon dokiman ki gen otorizasyon pou moun oswa òganizasyon ou vle ki pou sèvi kòm reprezantan otorize w la. Nan pifò ka, reprezantan otorize w la dwe ranpli fòm sa a tou oswa yon dokiman similè oswa yon dokiman otorizasyon pou deziye yon reprezantan. W ap jwenn fòm sa a nan pakè aplikasyon an, oswa ou ka rele n nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711, oswa monte nan mass.gov/masshealth pou w jwenn youn. Tanpri gade enstriksyon sou fòm lan pou plis detay.

Yon reprezantan otorize ka yon moun tou ki gen aji ak responsablite onon w si w paka deziye yon reprezantan otorize alekri akoz yon pwoblèm fizik oswa mantal, oswa se lalwa ki te nonmen moun sa a pou l aji nan non w oswa nan non siksesyon w. Moun sa a pral ranpli tout pati ki aplikab nan fòm ARD a oswa li ka pwodui yon dokiman ki similè. Si se lalwa ki te nonmen moun sa a pou l reprezante w, swa oumenm swa moun sa a dwe soumèt yon kopi dokiman legal ki aplikab la bay MassHealth oswa Health Connector, ki deklare moun sa a reprezante oumenm oswa siksesyon w legalman. Moun sa a ka yon gadyen legal, konsèvatè, gen pwokirasyon legal oswa manda pou swen medikal, oswa si aplikan an oswa manm lan mouri, li ka vin administratè oswa egzèkité siksesyon an.

» Pèmision pou pataje enfòmasyon

Si w vle nou pataje enfòmasyon medikal pèsònèl ou, sa gen ladan kopi lèt sou elijiblite w, bay yon moun ki pa reprezantan otorize w, ou ka ban nou pèmision alekri pou sa fèt. Nou gen yon fòm ou ka itilize pou fè sa. Sonnen n oubyen monte nan mass.gov/lists/hipaa-forms-for-masshealth-members pou w ka jwenn yon kopi fòm ki apwopriye a.

» Kòman nou itilize nimewo sekirite sosyal ou

Amwenske youn nan eksepsyon ki nan paj 6 lan, aplikab, ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN), oswa prèv ou te aplike pou youn pou chak moun nan kòkay ou a k ap aplike. MassHealth ka mande w pou ban nou SSN lan, si w ka jwenn li, pou tout moun ki pap aplike ki gen oswa ki ka jwenn asirans medikal ki kouvri w oswa ki kouvri nenpòt moun nan kòkay ou a. MassHealth gen dwa mande nimewo SSN dapre Lwa refòm fiscal 1976 ki te modifiye Seksyon 205(c)(2) Lwa sou sekirite sosyal, ak an vèti 130 CMR 503.003.

Nou itilize SSN yo pou nou tyeke enfòmasyon ou ban nou. Nou itilize yo tou pou detekte fwòd, pou wè si gen moun k ap resevwa benefis doub, oswa pou wè si gen lòt moun (yon “tyès pati”) ki ta dwe peye pou sèvis yo.

Nou matche SSN nenpòt moun nan fanmi w k ap aplike epi nenpòt moun ki gen oswa ki ka jwenn asirans medikal pou moun sa yo avèk dosye kèk ajans, sa gen ladan ajans ki pral site annapre la.

- ◆ Sèvis fiskal (IRS)
- ◆ Administrasyon sekirite sosyal (SSA)
- ◆ Depatman sekirite nasyon Etazini Damerik (DHS)
- ◆ Sant pou sèvis Medicare ak Medicaid (CMS)
- ◆ Rejis veyikil amotè (RMV)
- ◆ Depatman revni (DOR)
- ◆ Department of transitional assistance (DTA)
- ◆ Depatman aksidan nan travay
- ◆ Divizyon asistans nan chomaj (DUA)
- ◆ Depatman sèvis pou veteran, Divizyon resous imen
- ◆ Biwo investigasyon espesyal
- ◆ Department of Public Health, Registry of Vital Statistics
- ◆ Bank
- ◆ Lòt etablisman finansye

Si MassHealth peye yon pati nan prim asirans sante w, MassHealth ka ajoute SSN ou a oswa SSN moun nan kòkay ou a ki gen asirans lan sou non l, nan dosye founisè kontwolè jeneral finans eta a (State Comptroller’s vendor file). Oumenm oswa moun nan kòkay ou a ki gen asirans lan sou non l lan dwe gen yon SSN ki valid anvan w ka resevwa yon pèman nan men MassHealth.

Yo ka konpare dosye yo tou avèk ajans sèvis sosyal nan eta sa a ak nan lòt eta, ansanm ak dosye elektwonik kèk bank ak lòt enstitisyon finansye, konpayi asirans, anplwayè ak òganizasyon swen entegre.

» Bay enfòmasyon ki kòrèk

Lè w bay enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki fo sa ka lakòz ou pèdi benefis ou yo. Epi tou sa ka gen kòm rezilta amann, anprizònman, oswa toulède.

» Rapòte chanjman yo

Yonfwa ou kòmanse resevwa benefis yo, ou dwe fè nou konnen konsènan kèk chanjman nan yon delè 10 jou aprè chanjman sa yo fèt oswa lepli vit posib. Gade nan Seksyon 13 pou w jwenn enfòmasyon sou ki kote pou w fè rapò sou chanjman. Chanjman sa yo enkli tout chanjman nan revni, kantite moun nan kòkay la, anplwa, estati andikap, asirans medikal ak adrès. Si w

pa fè n konnen chanjman sa yo, ou ka pèdi benefis ou yo. MassHealth pral konpare enfòmasyon w bay yo avèk lòt ajans epi lòt sous enfòmasyon lè yon moun soumèt yon aplikasyon, nan revizyon anyèl, ak peryodikman pou mete ajou oswa pou pwouve elijiblite. Ajans e sous enfòmasyon sa yo gendwa se, men se pa senpleman, IRS, SSA, DOR, DUA, e bank ak lòt etablisman finansye.

Se nan yon done elektwonik n ap jwenn enfòmasyon sou revni epi n ap konpare yo avèk montan revni ou mete sou aplikasyon w lan (“montan deklare”) pou n sa detèmine si montan sous done a ak montan deklare a konsistan nan yon fason ki rezonab. Si montan sa yo konsistan nan yon fason ki rezonab, yap konsidere montan deklare a kòm yon montan ki verifye lè yo detèmine elijiblite.

Pou li konsistan nan yon fason rezonab,

- ◆ toulède, revni deklare a ak revni ki nan sous done yo, dwe plis pase revni estanda ki aplike a pou moun lan, oubyen
- ◆ toulède, revni deklare a ak revni ki nan sous done yo, dwe egal oubyen mwens pase revni estanda ki aplike pou moun lan, oubyen
- ◆ revni deklare a egal oubyen mwens pase revni estanda ki aplike a epi montan revni ki soti nan sous done yo plis pase estanda ki aplike yo, men diferans lan swa 10% oswa mwens, oubyen
- ◆ revni deklare a pi plis pase revni estanda ki aplike a epi montan revni ki nan sous done yo swa egal oswa mwens pase estanda ki aplike a.

Lè revni moun nan deklare limenm konsistan nan yon fason ki rezonab avèk done elektwonik yo, alò montan revni ki itilize pou detèmine elijiblite a ap montan moun nan deklare limenm lan.

Si sous done elektwonik yo pa ka bay prèv sou enfòmasyon ki deklare yo oubyen yo pa konsistan nan yon fason ki rezonab avèk enfòmasyon ki deklare yo, alò n ap mande pou w soumèt lòt dokiman siplemantè.

SEKSYON 8

Fason yo konte revni

Tablo nivo povrete federal (FPL) la sou andedan kouvèti aryè a. Pou tablo ki tou dènyèman mete ajou yo, monte nan mass.gov/info-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

» Kiyès nou konte nan kòkay w la pou MassHealth, Children's Medical Security Plan, e Health Safety Net

MassHealth detèmine gwosè kòkay la oswa konpozisyon kòkay la nan nivo manm endividyèl la nan youn nan de fason.

Pou kalkile elijiblite finansye pou yon endividi, yo pral konpoze yon kòkay pou chak endividi k ap aplike oswa k ap renouvle yon kouvèti. Diferan kòkay ka egziste nan youn sèl fanmi, toudepan de relasyon famiyal ak relasyon fiskal youn gen avèk lòt.

Revni tout manm kòkay la fòmè baz pou etabli elijiblite yon endividi. Revni nou konte pou yon kòkay, se montan total revni brit ajiste modifye (MAGI) chak endividi ki enkli nan kòkay endividi a, aleksepsyon timoun ak depandan nan taks ki pa oblije remèt yon fòm taks.

Konpozisyon kòkay MAGI MassHealth

MassHealth pral itilize règ konpozisyon MAGI MassHealth la pou l ka detèmine kiyès ki elijib pou youn nan benefis ki site annapre a.

- ◆ MassHealth Standard, eksepte pou adilt ki andikape
- ◆ MassHealth Commonwealth pou timoun ki andikape ki poko gen 19 an
- ◆ MassHealth CarePlus
- ◆ MassHealth Family Assistance
- ◆ MassHealth Limited
- ◆ Children's Medical Security Plan

Kòkay MAGI MassHealth gen ladan l sa ki make annapre a.

- ◆ Kontribyab ki pa deklare kòm depandan nan taks federal li plen. Si moun nan pwojete pou l plen taks li pou ane kote y ap fè yon premye detèminasyon sou elijiblite a oswa y ap renouvle elijiblite a, epi pa gen lòt kontribyab k ap reklame l kòm depandan sou taks li, kòkay la konpoze ak
 - kontribyab la,
 - konjwen kontribyab la (si li abite avèk li),
 - tout endividi kontribyab la konte reklame kòm depandan, epi
 - kantite timoun ki nan vant (si gen manm nan kòkay la ki ansent).
- ◆ endividi yon lòt moun reklame kòm depandan sou taks li. Si endividi a konnen gen yon lòt kontribyab k ap reklame l kòm depandan sou taks li pou ane kote y ap fè premye detèminasyon sou elijiblite a oswa y ap renouvle elijiblite a epi ki pa ranpli kondisyon sou règ eksepsyon Medicaid jan sa dekri nan 130 CMR 506.000, kòkay la gen ladan l
 - endividi yo reklame kòm yon depandan an,
 - konjwen depandan an (si li abite avèk li),

- kontribiyab ki reklame endividi a kòm yon depandan sou taks li,
- tout depandan kontribiyab la reklame sou taks li, ak
- kantite timoun ki nan vant (si gen manm nan kòkay la ki ansent).

Gwosè kòkay la dwe detèmine dapre règ ki konsène sa ki pa plen taks yo si gen youn nan eksepsyon annapre yo valab. Moun ki pa yon konjwen oubyen yon pitit byolojik, pitit ki adopte, oubyen pitit konjwen an ki panse y ap deklare kòm depandan nan taks yon lòt moun k ap plen taks li.

- ◆ Endividi ki poko gen 19 an epi yon paran l pral reklame l kòm yon depandan sou taks li, epi ki abite avèk toulède paran yo, men paran yo pa konte plen taks yo ansanm.
- ◆ Endividi ki poko gen 19 an epi paran ki pa avèk li a konte reklame l kòm yon depandan sou taks li.

Pou yon moun ki pa ni plen taks federal ni yon moun pa reklame l kòm depandan sou taks federal li, oswa lè pa gen ankenn eksepsyon ki aplikab jan sa dekri anwo a, kòkay la gen ladan l endividi a epi si gen moun k ap viv ak endividi a,

- ◆ konjwen endividi a;
- ◆ pitit byolojik moun lan, pitit li adopte, e pitit konjwen ki poko gen 19 an.
- ◆ moun ki poko gen 19 an; paran byolojik moun lan, paran adoptif li, bo paran li yo; frè ak sè byolojik, frè ak sè adoptif, e demi frè ak demi sè ki poko gen 19 an; e
- ◆ kantite timoun ki nan vant (si gen manm nan kòkay la ki ansent).

Konpozisyon kòkay adilt ki andikape nan MassHealth

MassHealth pral itilize règ sou konpozisyon kòkay adilt ki andikape nan MassHealth pou detèmine manm ki elijib pou youn nan benefis ki site anba a.

- ◆ MassHealth Standard pou adilt ki andikape ki gen 21 - 64 an
- ◆ MassHealth Commonwealth pou adilt ki andikape ki gen 21 - 64 an
- ◆ MassHealth Commonwealth pou kèk jèn adilt ki andikape ki gen 19 - 20 an
- ◆ MassHealth Family Assistance pou kèk moun ki andikape

Kòkay la gen ladan

- ◆ endividi a,
- ◆ konjwen endividi a,
- ◆ pitit byolojik moun lan, pitit li adopte, e pitit konjwen ki poko gen 19 an, e
- ◆ kantite timoun ki nan vant (si gen manm nan kòkay la ki ansent).

» Kiyès nou konte nan kòkay ou a pou plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans

Massachusetts Health Connector detèmine gwosè oswa konpozisyon kòkay la lè l aplike règ pou ranpli taks.

Kòkay la gen ladan

- ◆ kontribiyab prensipal la,
- ◆ konjwen an, ak
- ◆ tout depandan li reklame sou taks li.

Lòt kondisyon siplemantè pou plen taks se sa ki site anba a.

- ◆ Kontribiyab yo ki marye oblije plen taks ansanm.
- ◆ Moun ki resevwa Kredi taks pou prim ki bay davans (APTC) oblije ranpli taks pou menm ane yo resevwa kredi yo.

» Revni brit ajiste modifye (MAGI)

Yo baze elijiblité finansye sou revni brit ajiste modifye (MAGI).

Revni ou touche e ki konte

- ◆ MAGI se revni ki make sou liy 7 dokiman 1040 lan lè w plen taks ou apre revni ki sou liy 22 nan Schedule 1 an ajoute e dediksyon sou liy 36 nan Schedule 1 a fin soustrè. Ansuit aprè sa yo vin ajoute enterè ou pa peye taks sou li a, eksklizyon sou revni ki sot aletranje ak revni sekirite sosyal ou pa peye taks sou li.
- ◆ MAGI enkli revni ou travay pou li tankou salè, poubwa, komisyon ak bonis.
- ◆ MAGI pa konte kontribisyon ou fè anvan taks nan plan rediksyon salè (jiska \$2,500 oswa \$5,000 toudepan de jan w ranpli taks ou) pou pèman swen depandan, transpò ak kèk depans pou swen sante.
- ◆ Revni lè w travay ak tèt ou enkli nan revni brit ajiste, men kòd taks la pèmèt dediksyon pou depans pou vwayaj ak divètisman ki gen rapò ak biznis lan (jiska yon limit), ak itilizasyon kay pèsònèl ou pou biznis. Si dediksyon yo depase revni ou touche nan travay ou fè ak tèt ou, pèt ou fè a ka konpanse lòt revni ou rapòte.
- ◆ Yo konte yon montan ou resevwa nan yon sòm global kòm revni sèlman nan mwa ou resevwa lajan sa a.

Eksepsyon: Pou plan ki nan Health Connector a, yo konte revni ou resevwa nan yon sòm global nan ane ou te resevwa l la.

Revni ou pa touche men ki konte

Revni ou pa touche se montan total revni fiskal ki pa soti dirèkteman nan pwòp revni travay moun nan apre dediksyon ke yo pèmèt fè nan deklarasyon taks pèsònèl peyi Etazini (US Individual Tax Return).

Revni ou pa touche gendwa enkli, men pa senpleman, benefis sekirite sosyal, benefis retrèt nan vwa fere, pansyon, rant, kèk fidisi, revni sou enterè ak sou dividann, ranbousman taks lokal oswa leta pou yon taks ou te dedwi ane anvan an, ak revni angwo nan jwèt daza.

Dediksyon

Eleman ki annapre yo ap ka dedwi sou revni ki konte lè pou detèmine MAGI: depans edikatè; sèten depans dafè pou rezèvis, atis nan espektak oubyen reprezantan gouvènman an avèk onorè; dediksyon nan kont depay sante; frè pou demenajman manm fòsame; pati ki dediktib nan enpo travayè ki otonòm; plan senplifye pou anplwa (SEP) ki travay otonòm; plan IRA SIMPLE, ak plan ki kalifikatif, dediksyon pou asirans medikal pou travayè otonòm; penalite sou retrèt davans nan kont depay; pansyon alimantè yo peye pou yon divòs, akò separasyon oswa lòd tribinal yo te finalize anvan 1^{re} janvyè 2019; dediksyon sou kont retrèt endividyèl; epi dediksyon sou enterè yon prè pou ekolaj.

Revni nou pa konte

- ◆ Asistans tranzitwa bay fanmi avèk timoun depandan (Transitional Aid to Families with Dependent Children, TAFDC), Asistans dijans pou moun aje, moun ki gen andikap e timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children, EAEDC), oswa revni sekirize sipleman (Supplemental Security Income, SSI)
- ◆ Benefis veteran yo pa takse dapre règleman IRS yo
- ◆ Revni an nati
- ◆ Revni pou chanm ak manje ki soti nan men moun ki rete nan plas rezidans prensipal manm oswa aplikan an
- ◆ Pifò revni konpansasyon travayè yo
- ◆ Kontribisyon anvan taks pou plan rediksyon salè difèt peman swen depandan, transpò ak kèk depans sante nan limit ki otorize yo
- ◆ Pansyon alimantè yo bay pou timoun
- ◆ Montan yo takse e yo bay kòm yon sòm global, eksepte nan mwa yo resevwa l la*
- ◆ Revni yo bay adolesan ki nan fanmi dakèy endepan jan sa dekri nan 130 CMR 505.002(H)

- ◆ Revni yo bay pou timoun oswa moun ki depandan nan taks e ki pa sipoze ranpli yon deklarasyon pou taks dapre Kòd sou revni entèn, U.S.C. Title 26, § 6012(a)(1) pou ane yo takse a kote yo te detèmine elijiblite pou MassHealth, kit timoun lan oswa moun ki depandan sou taks yo ranpli yon deklarasyon pou taks oswa pa ranpli l

- ◆ Tout lòt revni lwa federal yo eskli apade Lwa sekirite sosyal la

* Eksepsyon: pou plan ki nan Health Connector, yo konte tout revni ou resevwa.

SEKSYON 9

Prim

» Enfòmasyon sou kotpa ak prim pou endyen ameriken ak natifnatal Alaska

Eksepte pou manm CommonHealth yo, se manm yo ki responsab pou peman prim e kopeman MassHealth pou jouk yon maksimòm 5% chak mwa nan revni chak mwa ki aplike a. Nan nenpòt mwa, pi plis yon manm ta dwe peye kòm prim ak kotpa mansyèl konbine se 5% nan revni mansyèl yo ki aplikab. Yap separe 5% revni mansyèl sa ant prim ak kopta. Chak mwa, prim total yo pa ka plis pase 3% nan revni mansyèl la, epitou, chak mwa, kotpa total yo pa ka plis pase 2% nan revni mansyèl la. Manm CommonHealth yo ta dwe remake limit 3% prim mansyèl la pa aplikab pou yo. Prim mansyèl yo ta ka pi wo.

Endyen ameriken ak natifnatal Alaska ki te resevwa oswa ki elijib pou resevwa yon sèvis nan men yon founisè swen medikal endyen oswa yon founisè swen medikal ki pa endyen atravè rekòmandasyon yon founisè swen medikal endyen te fè pa bezwen peye kotpa ak prim, epi yo ka genyen peryòd enskripsyon espesyal chak mwa antanke manm MassHealth.

Ou ka jwenn yon definisyon ki pi detaye sou kiyès yo konsidere kòm yon endyen ameriken oswa natifnatal Alaska nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 501.000.

» Prim pou MassHealth ak Children's Medical Security Plan

MassHealth ka chaje yon prim mansyèl pou kèk manm MassHealth ki gen revni ki depase 150% FPL la. MassHealth ka chaje tou yon prim mansyèl pou manm ki nan Plan Sekirite Medikal pou Timoun (Children's Medical Security Plan, CMSP) ki nan kòkay ki gen revni ki nan oswa pi wo pase 300% FPL la. Manm yo, aleksepsyon manm CommonHealth yo, responsab pou peye prim MassHealth yo jis rive nan yon maksimòm 3% revni mansyèl ki aplikab. Yo kalkile montan prim MassHealth ak CMSP yo dapre revni brit ajiste modifye (MAGI) kòkay manm lan epi gwosè kòkay manm lan jan sa dekri nan section Faktirasyon prim pou gwoup fanmi (Premium Billing Family Group, PBFPG).

Si w gen pou peye yon prim mansyèl, MassHealth pral voye yon lèt ba w avèk montan prim pou peye a. Epitou ou pral resevwa yon fakti chak mwa. Si w pa peye prim ou yo, benefis ou yo ka tèmene.

Si MassHealth decide ou dwe peye yon prim pou benefis yo, ou responsab pou peye l amwenske ou mande MassHealth pou l retire kouvèti MassHealth ou a nan yon delè 60 jou apati dat yo te detèmene elijiblite w la oswa yo apwouve egzonerasyon prim lan akòz difikilte ou genyen.

PBFG

Fòmil pou kalkile prim pou prim MassHealth ak prim CMSP yo baze sou Faktirasyon prim pou gwoup afnmi (PBFG). Gen yon PBFG

- ♦ yon endividi,
- ♦ yon koup, ki defini kòm de moun ki marye youn ak lòt dapre lwa ki egziste nan Commonwealth of Massachusetts,

OSWA

- ♦ yon fanmi, ki defini kòm moun ki abite ansanm, epi gen
 - youn oswa plizyè timoun ki poko gen 19 an, nenpòt nan pitit yo, ansanm ak paran yo;
 - frè ak sè ki poko gen 19 an ak nenpòt nan pitit yo ki abite ansanm menmsi pa gen paran adilt oswa fanmi k ap bay swen abite nan kay la; oswa
 - youn oswa plizyè timoun ki poko gen 19 an, nenpòt nan pitit yo, ansanm ak fanmi k ap pran swen yo lè pa gen ankenn paran ki abite nan kay la.

Yon timoun k ap viv lòt kote tanporèman pou l al lekòl toujou konsidere se nan kay la li abite. Yon paran se kapab yon paran natirèl, yon bo-paran oswa yon paran adoptif. De paran se manm menm PBFG a depi yo toulède responsab pou youn oswa plizyè timoun ki abite avèk yo.

Prim MassHealth pou timoun ki poko gen 19 an avèk yon revni nan kòkay la ki egal oubyen pi piti pase 300% nan FPL la ap detèmine apati pi piti pousantaj FPL la pou tout timoun ki nan PBFG a. Si yon timoun nan PBFG a gen yon revni ki egal oswa pi piti pase 150% FPL la, prim pou tout timoun ki poko gen 19 an nan PBFG ap anile.

Yo kalkite prim MassHealth ak prim CMSP pou timoun ki poko gen 19 an ki gen revni kòkay la ki plis pase 300% FPL la, e tout prim pou jèn adilt oswa adilt yo kalkile dapre pousantaj FPL moun lan.

Endividi ki nan yon PBFG ki apwouve pou plis pase yon tip kouvèti faktirasyon prim

Lè PBFG a gen manm nan plis pase yon tip oswa pwogram, ikonpri CMSP, ki responsab pou peye yon prim oswa kontribisyon pou manm ki obligatwa, PBFG a responsab sèlman pou montan prim ki pi wo a oswa kontribisyon pou manm ki obligatwa ki pi wo a.

Lè PBFG a gen yon paran oubyen fanmi k ap pran swen timoun ki enskri e k ap peye pou yon plan ConnectorCare avèk kredi taks pou prim ki bay davans, prim MassHealth oswa CMSP pou timoun yo nan PBFG a ap anile.

» Fòmil pou prim yo

Fòmil pou prim itilize laj, revni ak si wi ou non manm lan gen lòt asirans medikal.

Yo chaje prim konplè a pou manm ki pa gen ankenn asirans medikal prive, oswa manm ki gen asirans medikal kote MassHealth peye yon pòsyon nan prim asirans medikal yo a apati pwogram asistans pou peman prim lan. Plis enfòmasyon sou pwogram asistans pou peman prim lan make nan Seksyon 10 la.

Yon prim sipleman tè pi piti faktire bay manm ki pa gen asirans medikal prive men swa pa admisib pou asistans nan peman prim oswa pa fè aplikasyon pou asistans nan peman prim.

Fòmil pou prim tout tip kouvèti pou MassHealth yo nan 130 CMR 506.011.

Fòmil prim MassHealth Standard pou manm ki gen kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim chak mwa
Plis pase 150% e jouk nan 160%	\$15
Plis pase 160% e jouk nan 170%	\$20
Plis pase 170% e jouk nan 180%	\$25
Plis pase 180% e jouk nan 190%	\$30
Plis pase 190% e jouk nan 200%	\$35
Plis pase 200% e jouk nan 210%	\$40
Plis pase 210% e jouk nan 220%	\$48
Plis pase 220% e jouk nan 230%	\$56
Plis pase 230% e jouk nan 240%	\$64
Plis pase 240% e jouk nan 250%	\$72

Fòmil prim pou MassHealth CommonHealth

Fòmil prim konplè CommonHealth la Timoun ki poko gen 19 an ant 150% ak 300% FPL la

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim chak mwa
Plis pase 150% e jouk nan 200%	\$12 pou chak timoun (maksimòm \$36 PBFG)
Plis pase 200% e jouk nan 250%	\$20 pou chak timoun (maksimòm \$60 PBFG)
Plis pase 250% e jouk nan 300%	\$28 pou chak timoun (maksimòm \$84 PBFG)

Fòmil prim konplè CommonHealth la Jèn adilt ak adilt ki depase 150% FPL ak timoun ki depase 300% FPL la

Prim debaz	Montan prim siplemantè	Anplè montan prim chak mwa a
Plis pase 150% FPL – kòmanse nan \$15	Ajoute \$5 pou chak 10% FPL siplemantè jouk nan 200% FPL	\$15–\$35
Plis pase 200% FPL – kòmanse nan \$40	Ajoute \$8 pou chak 10% FPL siplemantè jouk nan 400% FPL	\$40–\$192
Plis pase 400% FPL – kòmanse nan \$202	Ajoute \$10 pou chak 10% FPL siplemantè jouk nan 600% FPL	\$202–\$392
Plis pase 600% FPL – kòmanse nan \$404	Ajoute \$2 pou chak 10% FPL siplemantè jouk nan 800% FPL	\$404–\$632
Plis pase 800% FPL – kòmanse nan \$646	Ajoute \$14 pou chak 10% FPL siplemantè jouk nan 1,000% FPL	\$646–\$912
Plis pase 1,000% FPL – kòmanse nan \$928	Ajoute \$16 pou chak 10% FPL siplemantè	\$928 + plis

Fòmil prim siplemantè CommonHealth la

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim
Plis pase 150% jouk nan 200%	60% prim konplè
Plis pase 200% jouk nan 400%	65% prim konplè
Plis pase 400% jouk nan 600%	70% prim konplè
Plis pase 600% jouk nan 800%	75% prim konplè
Plis pase 800% jouk nan 1 000%	80% prim konplè
Plis pase 1,000%	85% prim konplè

Manm CommonHealth ki elijib pou resevwa asistans nan peman prim, ki mwens pase prim konplè CommonHealth la pral gen montan prim mansyèl pa yo a diminye an vèti montan asistans nan peman prim lan, epi yo pral responsab pou peye diferans lan. Plis enfòmasyon sou asistans pou peman prim make nan Seksyon 10 la.

Fòmil prim pou MassHealth Family Assistance

Fòmil prim pou Family Assistance pou timoun

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim chak mwa
Plis pase 150% e jouk nan 200%	\$12 pou chak timoun (maksimòm \$36 PBFG)
Plis pase 200% e jouk nan 250%	\$20 pou chak timoun (maksimòm \$60 PBFG)
Plis pase 250% e jouk nan 300%	\$28 pou chak timoun (maksimòm \$84 PBFG)

Fòmil prim konplè Family Assistance pou adilt ki teste pozitif pou VIH

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim chak mwa
Plis pase 150% e jouk nan 160%	\$15
Plis pase 160% e jouk nan 170%	\$20
Plis pase 170% e jouk nan 180%	\$25
Plis pase 180% e jouk nan 190%	\$30
Plis pase 190% e jouk nan 200%	\$35

Fòmil prim siplemantè Family Assistance pou adilt ki teste pozitif pou VIH

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim chak mwa
Plis pase 150% jouk nan 200%	60% prim konplè

Fòmil prim Family Assistance pou adilt ki pa kalifye pou PRUCOL

Fòmil prim MassHealth Family Assistance pou moun ki pa kalifye dapre rezidans pèmanan konfòmeman ak lwa (PRUCOL) pou adilt jan sa dekri nan 130 CMR 506.000 baze sou revni MassHealth MAGI fanmi an ak gwochè MassHealth MAGI fanmi an an rapò ak direktiv revni nan FPL la ak règ PBFG yo, jan sa dekri nan 130 CMR 506.000.

Ou ka jwenn fòmil prim lan nan 956 CMR 12.00.

Orè prim CMSP

% nan Federal Poverty Level (FPL)	Montan prim chak mwa
Plis pase oswa egal 301.0%, men pi piti pase oswa egal 400.0%	\$33.14 pou chak PBFG pa mwa
plis pase oswa egal 400.1%	\$64.00 pou chak PBFG pa mwa

Manm ki pa bezwen fè pèman pou prim

Manm ki pral site la yo pa bezwen fè pèman pou prim.

- ◆ Manm MassHealth ki te pwouve yo se endyen ameriken oswa natifnatal Alaska ki te resevwa oswa ki elijib pou resevwa yon atik oswa sèvis nan men sèvis sante pou endyen, yon tribi endyen, yon òganizasyon tribal, oswa yon òganizasyon iben endyen, oswa nan men yon founisè swen medikal ki pa endyen men ki fèt atravè yon rekòmandasyon, ann ankò ak lwa federal
- ◆ Manm MassHealth kote revni kòkay MAGI MassHealth la oswa revni kòkay yon adilt andikape nan MassHealth nan oswa pi ba pase 150% FPL la
- ◆ Manm ki ansent k ap resevwa MassHealth Standard
- ◆ Timoun ki poko gen 1 an k ap resevwa MassHealth Standard
- ◆ Timoun kote paran yo oswa gadyen yo nan PBFG elijib pou yon Qualified Health Plan (QHP) ak Kredi taks pou prim ki bay davans (APTC), epi te enskri nan yon QHP e te kòmanse peye pou QHP a
- ◆ Timoun ki gen sèvis ki disponib pou yo nan depatman byennèt timoun dapre Pati B nan Chapit IV ki nan Social Security Act (Lwa sou sekirite sosyal) kote timoun lan nan yon fanmi dakèy epi moun k ap resevwa benefis dapre Pati E nan menm chapit sa a, san pyès konsiderasyon nan laj
- ◆ Endividi k ap resevwa swen loispis
- ◆ Timoun endepandan ki te anvan sa te nan yon fanmi dakèy epi ki pa ko gen 26 zan
- ◆ Nan yon mwa kèlkonk, manm ki rive nan 3% maksimòm prim pa yo a (pa bezwen peye okenn lòt prim MassHealth nan mwa sa a kote l rive nan maksimòm li a)

SEKSYON 10

MassHealth ak lòt asirans medikal

Règleman MassHealth yo egzije pou manm yo jwenn epi kenbe asirans medikal, an kontan asirans medikal nan yon travay. Pou jwenn epi kenbe MassHealth, ou dwe

- ◆ aplike epi enskri nan nenpòt asirans medikal ki disponib pou ou san w pa bezwen peye, ikonpri Medicare,
- ◆ enskri nan asirans medikal lè MassHealth detèmine li ekonomik pou fè sa; epi
- ◆ kenbe nenpòt asirans medikal ou deja genyen.

Epitou ou dwe bay MassHealth enfòmasyon konsènan tout asirans medikal oumenm oswa yon manm fanmi w deja genyen oswa kapab jwenn. Nou pral sèvi ak enfòmasyon sa a pou nou deside

- ◆ si sèvis ki kouvri nan asirans medikal ou a satisfè nòm MassHealth yo, epi
- ◆ sa nou ka peye sou frè prim asirans medikal ou a.

Pou detèmine kalifikasyon kontini nan MassHealth pou oumenm ak moun kòkay ou yo, nou gendwa mande ni oumenm ni konpayi kote w ap travay la pou enfòmasyon siplemantè pou n wè si w gendwa gen kouvèti asirans medikal konpayi travay la ofri. Ou fèt pou w kolabore nan founi enfòmasyon nesèsè pou w kontinye elijib, an kontan prèw pou jwenn oswa kontinye gen asirans medikal ki disponib, osinon benefis MassHealth ou resevwa yo gendwa kanpe.

MassHealth's Premium Assistance Program (Pwogram Asistans pou Prim nan MassHealth) gendwa ede nan peman kèk oswa tout frè asirans maladi konpayi travay la depi l rantab. Nou va fè w konnen si yon plan ki ofri nan travay ou a satisfè kondisyon pwogram lan.

Nan MassHealth Premium Assistance Program, nou ka peye pòsyon nan prim asirans medikal ou a si

- ◆ anlwayè w la kontribye omwen 50% nan frè prim asirans medikal la; epi
- ◆ nan plan asirans medikal la satisfè nivo benefis debaz la (sètadi, si li ofri kouvèti medikal konplè pou manm li yo ikonpri benefis swen medikal MassHealth egzije).

Si w gen kesyon sou kòman pou gen asirans maladi nan yon travay, oubyen nan Premium Assistance Program MassHealth, sonnen depatman Premium Assistance MassHealth la nan (800) 862-4840.

» Apwobasyon davans

Pou kèk sèvis medikal, doktè w oswa pwofesyonèl swen medikal ou a, fèt pou gen apwobasyon MassHealth dabò. Se sa yo rele apwobasyon davans (prior approval, PA). Ou pa bezwen PA MassHealth pou sèvis medikal Medicare kouvri yo.

Lè w ap chwazi epi enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon

Si w elijib pou ni Medicare ni MassHealth, Medicare ofri pifò nan kouvèti pou medikaman ou achte avèk preskripsyon atravè yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon. Sa vle di ou dwe chwazi epi enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon. Si w pa chwazi yon plan medikaman, Medicare pral chwazi youn pou ou. Ou ka chanje plan nenpòt lè. Monte nan medicare.gov oubyen telefonnen (800) MEDICARE ([800] 633-4227) pou enfòmasyon konsènan fason pou chwazi epi enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon ki miyò pou ou. Si w enskri nan yon Program of All-Inclusive Care for the Elderly (PACE) oswa plan Senior Care Options (SCO), One Care plan, yon plan Medicare Advantage, yon plan sipleman Medicare (Medigap), oswa ou gen kouvèti pou medikaman atravè yon anplwayè ou genyen kounye a oswa yon ansyen anplwayè, asire w ou kontakte plan w lan pou ka gen plis enfòmasyon konsènan si w dwe enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon.

» Depans ou peye ak lajan pa w

Nan kèk ka, MassHealth remèt ou lajan ou te peye anvan ou resevwa notis MassHealth ki fè konnen yo apwouve w. Nou gendwa fè sa si

- ♦ nou te di w ou pa elijib epi apres a nou te wè desizyon nou an pa kòrèk; oswa
- ♦ ou te peye pou yon sèvis medikal MassHealth kouvri epi ou te resevwa sèvis sa a anvan nou te fè w konnen ou te ka jwenn MassHealth. Nan ka sa a, founisè swen medikal ou a dwe remèt ou lajan ou te deja peye a epi li dwe voye fakti a bay MassHealth pou sèvis la. Founisè a dwe aksepte pèman MassHealth la kòm pèman okonplè.

» Tretman dijans andeyò eta kote w ap viv la

MassHealth se yon pwogram swen medikal pou moun k ap viv nan Massachusetts ki resevwa swen medikal nan Massachusetts. Nan kèk sitiyasyon, MassHealth ka peye pou tretman dijans pou yon pwoblèm medikal lè yon manm MassHealth andeyò eta kote l ap viv la. Si gen yon ijans ki rive pandan w andeyò eta a, montre kat MassHealth ou a anvan ak tout lòt kat asirans medikal ou genyen, si sa posib. Epitou, si sa posib, fè founisè swen primè w la oswa plan asirans ou an konnen ou te resevwa tretman ijan nan yon espas 24 èdtan aprè w fin resevwa. Si w pa enskri nan yon plan asirans atravè MassHealth, men okontrè ou resevwa asistans pou prim,

lòt asirans medikal ou a ka peye pou swen ijan ou te resevwa andeyò eta a.

* Daprè règleman MassHealth 130 CMR 450.109(B), MassHealth pa kouvri ankenn sèvis medikal ou resevwa andeyò Etazini ak tètwa l yo.

» Si oumenm oswa manm fanmi w fè yon aksidan

Si oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w enplike nan yon aksidan oswa blese nan kèk lòt fason, epi oumenm oswa manm fanmi w resevwa lajan nan men yon tyès pati akòz aksidan oswa blese sa a, ou pral bezwen itilize lajan sa a pou reapeye nenpòt pou ki te peye pou depans medikal ki gen rapò ak aksidan oswa blese sa a.

1. Ou pral gen pou peye MassHealth pou sèvis MassHealth oswa Children's Medical Security Plan (CMSP) te kouvri.
 - Si w ap aplike pou MassHealth oswa CMSP akòz yon aksidan oswa yon blese, ou pral gen pou itilize lajan an pou reapeye tout depans MassHealth te fè pou tout sèvis medikal oumenm ak manm fanmi w te resevwa.
 - Si oumenm oswa nenpòt manm fanmi w enplike nan yon aksidan, oswa blese nan kèk lòt fason, aprè w fin elijib pou MassHealth oswa CMSP, ou pral gen pou itilize lajan sa a pou reapeye sèlman depans MassHealth oswa CMSP te kouvri pou sèvis medikal ou te resevwa akòz aksidan oswa blese sa a.
2. Ou pral gen pou peye Massachusetts Health Connector oswa konpayi asirans medikal ou a pou kèk sèvis medikal yo te ba w.
3. Ou pral gen pou peye Health Safety Net (HSN) pou sèvis medikal yo te ranbouse w ak nenpòt manm nan fanmi w.

Ou dwe fè MassHealth (pou MassHealth, CMSP ak HSN), oswa konpayi asirans ou an pou plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, konnen alekri nan yon delè 10 jou sivil, oswa lepli vit posib, si ou fè yon reklamasyon pou asirans oswa ou antame yon pwosè akòz yon aksidan oswa blese oumenm oswa manm fanmi w te fè k ap aplike pou benefis oswa ki deja genyen benefis.

Tyès pati ki kapab ba w oswa bay manm fanmi w lajan akòz yon aksidan oswa blese enkli pati ki pral site anba a.

- ♦ yon moun oswa yon biznis ki te ka lakòz aksidan oswa blese a
- ♦ yon konpayi asirans, ikonpri pwòp konpayi asirans ou
- ♦ Oswa lòt sous, tankou asirans kont aksidan nan travay

Pou plis enfòmasyon konsènan rekiperasyon akòz aksidan, gade règleman MassHealth yo nan 130 CMR 503.000 ak Chapit 118E nan lwa jeneral Massachusetts yo.

» Manm MassHealth yo ki pral gen 65 an

Si w gen 65 an oswa talè ou pral gen 65 an, epi ou pa gen timoun ki poko gen 19 an ki abite avèk ou, ou dwe ranpli kèk kondisyon sou revni ak byen pou ka kontinye jwenn MassHealth.

Nou pral voye ba w yon nouvo fòm pou ranpli pou ka ban nou enfòmasyon nou bezwen an pou nou ka pran yon desizyon. Si w ka kontinye resevwa MassHealth, ou pa pral resevwa swen medikal ou atravè yon plan swen entegre MassHealth. Okontrè w ap ka resevwa swen medikal ou nan men nenpòt founisè swen medikal MassHealth.

» Rekiperasyon sou siksesyon kèk manm lè yo fin mouri

Daprè lwa federal ak leta, MassHealth gen dwa pou rekipere lajan sou byen ki nan siksesyon kèk manm MassHealth lè yo fin mouri, sòf si gen eksepsyon ki aplikab.

Rekiperasyon siksesyon aplike pou manm MassHealth ki annapre la.

- ♦ Manm ki gen 55 an oswa pi gran e k ap resevwa sèvis ak soutyen alontèm (LTSS)
- ♦ Manm nan kèlkeswa laj ki nan yon etablisman swen alontèm oswa lòt etablisman medikal

Pou manm MassHealth ki gen 55 an oubyen plis k ap resevwa LTSS, MassHealth gen dwa pou resevwa ranbousman pou frè swen li peye pou LTSS. Pou manm nan kèlkeswa laj yo ki an pèmanans nan swen alontèm oubyen lòt etablisman medikal, MassHealth gen dwa pou l jwenn ranbousman pou frè total swen li peye pandan peryòd nan etablisman an.

Zafè rekiperasyon sou byen yo gendwa aplikab pou manm MassHealth yo kit yo enskri kit yo pa enskri nan yon plan sante. Peman MassHealth ki kalifye pou rekiperasyon sou byen imobilye enkli peman ke MassHealth bay founisè swen medikal yo dirèkteman pou swen yon manm. Pou manm ki enskri nan yon plan sante, tankou yon managed care organization (MCO), accountable care organization (ACO), oswa yon SCO, PACE, oswa plan One Care, rekiperasyon sou byen yo gendwa enkli tou ranbousman ki fèt pou kantite lajan total MassHealth te bay plan asirans lan sou fòm peman mansyèl pou prim.

MassHealth kapab rekipere sèlman byen legal ki nan siksesyon yon manm. Byen sa yo gendwa enkli byen imobilye tankou yon kay, yon biznis oswa yon pwopriyete ki rapòte lajan epitou lajan nan kontanbank. MassHealth pa pral chèche ranbousman lè yon manm

kite kòm siksesyon yon byen legal ki vo \$25,000 oswa mwens an byen. Gen plizyè fason moun oswa fanmi ka retade rekiperasyon byen imobilye yo oswa jwenn yon egzansyon pou yon pòsyon oswa tout kantite lajan an sizanka yo ta gen gwo pwoblèm:

- ♦ Yo kapab retade rekiperasyon an si manm lan mouri kite yon konjwen kap viv, yon timoun adilt ki avèg, ki gen yon andikap total e pèmanan oswa yon timoun ki poko gen 21an.
- ♦ Si rekiperasyon byen imobilye a ta lakòz kèk pwoblèm depase, MassHealth gendwa derefize tout oswa yon pòsyon nan lajan ki rekipere a.

Pou manm yo ki gen 55 an oswa plis ki te elijib ni pou MassHealth ni pou Medicare, MassHealth pa pral rekipere benefis nan depans pataje Medicare yo (prim, dediktib ak kopta) ki te peye nan dat 1^{er} janvyè 2010 oswa aprè dat sa a.

Anplis de sa, si manm lan, nan dat yo admèt li nan etablisman swen alontèm lan, te gen kèk asirans* pou swen alontèm epi li te satisfè lòt egzijans pou li kalifye pou eksepsyon sa a daprè règleman yo, li ka posib pou XXXestateXXX pa bezwen reapeye MassHealth pou sèvis nan etablisman swen enfimye(è) ak lòt sèvis pou swen alontèm.

* Asirans pou swen alontèm lan dwe satisfè règleman Divizyon Asirans lan daprè 211 CMR 65.09, ak regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 515.000. Manm lan sipoze tap viv tou nan yon etablisman swen alontèm epi li sipoze te di MassHealth ke li pat gen entansyon retounen lakay li.

Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon sou byen imobilye, gade nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 501.000 ak 515.000, Chapit 118E Lwa Jeneral Massachusetts, epi monte nan mass.gov/EstateRecovery.

» Anrejistre pou vote

Ti liv sa a genyen enfòmasyon konsènan anrejistreman elektè. Ou pa bezwen anrejistre pou vote pou ka jwenn benefis medikal.

SEKSYON 11

Règ sou sitwayènte e imigrasyon amerikèn

Lè n ap decide si w elijib pou benefis, nou gade tout kondisyon chak tip kouvèti ak pwogram. Nou pral eseye pwouve estati sitwayènte/resòtisan ameriken w ak estati imigrasyon w lè nou itilize sèvis done federal ak eta a pou nou decide si w ka resevwa yon sèten tip kouvèti.

Sitwayen/resòtisan ameriken

Sitwayen/resòtisan ameriken ka elijib pou MassHealth Standard, CommonHealth, CarePlus, Family Assistance, oswa Children's Medical Security Plan (CMSP). Yo ka elijib tou pou plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prin oswa Health Safety Net (HSN). Prèk sitwayènte ak idantite obligatwa pou tout sitwayen/resòtisan ameriken.

Yon sitwayen Etazini se

- ◆ yon moun ki te fèt Etazini oswa tèritwa l yo, ikonpri Pòtoriko, Zile Vyèj yo, Gwam, Zile Maryàn Dinò (CNMI), amwenske si paran moun nan se yon diplomat etranje epi li kalifye pou sitwayènte ameriken selon §301 et seq. nan lwa sou imigrasyon ak nasyonalite a (Immigration and Nationality Act, INA);
- ◆ yon moun ki gen paran l ki se sitwayen ameriken oswa ki otremman kalifye pou sitwayènte an vèti §301 et seq. INA a;
- ◆ yon sitwayen ki natiralize; oswa
- ◆ yon resòtisan (swa sitwayen oswa resòtisan ki pa sitwayen)
 - Resòtisan ki sitwayen: yon moun ki kalifye kòm yon sitwayen ameriken an vèti §301 et seq. INA a.
 - Resòtisan ki pa sitwayen: yon moun ki te fèt nan youn nan tèritwa izole Etazini posede, tankou Samowa Ameriken ak zile Swain epi paran moun sa a se yon resòtisan ki pa sitwayen.

Pa sitwayen ameriken

Pou jwenn pi gwo kouvèti MassHealth, oubyen pou jwenn yon plan ConnectorCare e kredi taks pou prim ki bay davans, se pou n bay prèk sou estati w nan imigrasyon. MassHealth pral mache enfòmasyon yon moun bay avèk ajans eta ak federal pou pwouve estati imigrasyon. Si sous elektwonik yo paka pwouve estati ou deklare a, nou pral mande w pou bay dokimantasyon sipleman tè.

Moun ki pa sitwayen ameriken pa bezwen bay ankenn dokiman imigrasyon avèk aplikasyon an si y ap aplike sèlman pou pitit yo, men yo pa pou tèt li.

» Imigran ki nan peyi a legalman

Moun ki pral site la yo se imigran ki nan peyi a legalman.

Etranje ki kalifye

Moun ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Standard, CommonHealth, CarePlus, Family Assistance, oswa CMSP. Yo ka elijib tou pou benefis nan Massachusetts Health Connector oswa HSN.

Gen de gwoup etranje ki kalifye:

1. Moun ki kalifye kèlkanswa lè yo te rantre Etazini oswa depi konbyen tan yo te gen yon estati kòm moun ki kalifye. Moun sa yo se
 - moun yo te akòde azil selon seksyon 208 INA a;
 - refijye yo te admèt selon seksyon 207 INA a;
 - moun yo te kenbe depòtasyon yo selon seksyon 243(h) oswa 241(b)(3) INA a, jan sa mansyone nan seksyon 5562 lwa federal Balanced Budget Act ane 1997 la;
 - veteran, konjwen yo ak pitit yo:
 - veteran fòs lame Etazini avèk liberasyon onorab ki pa gen rapò ak estati yo kòm etranje; oswa
 - veteran Filipino ki te konbat sou direksyon Etazini pandan Dezyèm Gè Mondyal la; oswa
 - veteran Hmong ak Highland Lao yo te admèt pou rezidans pèmanan legal (LPR) epi ki te konbat sou direksyon Etazini pandan lagè Vyetnam nan; oswa
 - moun ki gen estati etranje ki nan sèvis aktif nan fòs lame Etazini, apade antrènman pou sèvis aktif; oswa
 - konjwen, konjwen ki vèf/vèv ki pa remarye, oswa timoun depandan ki pa marye moun ki pa sitwayen an ki dekri nan kat pwen anwo a;
 - moun ki rantre sou kondisyon selon seksyon 203(a)(7) nan INA a ki anvigè anvan 1^{er} avril 1980;
 - moun ki te rantre kòm kibèn/ayisyen selon seksyon 501(e) nan lwa Refugee Education Assistance Act ane 1980 an;
 - pou Medicaid, Endyen Ameriken ki gen omwen 50% san endyen ameriken ki te fèt Kanada selon seksyon 289 nan INA a oswa lòt manm tribal ki te fèt nan teritwa ki andeyò Etazini an vèti 25 U.S.C. 450b(e);
 - Amerazyen jan sa dekri nan seksyon 402(a)(2)(A)(i)(V) nan lwa Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act (PRWORA) ane 1996 la;
2. Moun ki kalifye paske yo gen yon estati kalifye ki idantifye nan “A” anba a epi ki te satisfè youn nan kondisyon ki site nan B anba a. Moun sa yo se
 - A. moun ki genyen youn oswa plizyè nan estati sa yo:
 - moun ki admèt pou LPR an vèti INA a; oswa
 - moun yo bay pèmasyon pou rete nan peyi a pandan omwen yon lane selon seksyon 212(d)(5) INA a; oswa
 - konjwen ki viktim vyolans, timoun oswa timoun paran ki viktim vyolans oswa paran timoun ki viktim vyolans ki satisfè kritè seksyon 431(c) lwa PRWORA 8 U.S.C. 1641; epitou
 - B. moun ki satisfè omwen youn nan twa kondisyon ki pral site la a:
 - te gen yon estati ki site nan 2.A. anwo a pandan senk an oswa plis (yon etranje ki viktim abi ki rive nan estati sa a lè yo aksepte petisyon an pou etabli yon akizasyon ki aparamman fonde);

- viktim gwo trafik moun, konjwen, pitit, frè ak sè viktim lan an vèti lwa pou Victims of the Trafficking and Violence Protection Act ane 2000 lan (Lwa Piblik 106-386) jan sa modifiye;
- Imigran espesyal ki soti Irak ki gen estati imigran espesyal an selon seksyon 101(a)(27) INA a, selon seksyon 1244 Lwa Piblik 110-181 oswa seksyon 525 lwa piblik 110-161; oswa
- Imigran espesyal ki soti Afganistan ki gen estati imigran espesyal selon seksyon 101(a)(27) INA a, selon seksyon 525 lwa piblik 110-161.
- pou Medicaid, imigran ki soti nan Eta Federasyon Mikwonezi, Repiblik Zile Marshall, ak Repiblik Palau epi ki rezide legalman Ozetazini dapre yon seri trete ak Etazini yo ke yo rekonèt kòm Compacts Free Association (COFA).
 - Imigran COFA ki vin chanje estati yo pou LPR ap genyen yon règ espesyal senk ane atant kap aplike. Moun konsa ta dwe sijè a règ espesyal senk ane atant sèl si yo genyen oswa te genyen yon estati ki nan lis 130 CMR 518.003(A)(1)(a).
 - Migran COFA ki ajiste yo ak estati LPR apre chanjman lwa nan dat 27 Desanm 2020 ka itilize dat yo te kòmanse rezide nan Etazini kòm yon imigran COFA oswa 27 Desanm 2020 toudepan sa ki vin apre a, kòm premye jou, yon jan pou yo satisfè règ atant senk lane a.
 - Migran COFA ki te ajiste estati yo a LPR anvan chanjman nan lwa nan dat 27 Desanm 2020, ta dwe gen peryòd atant senk lane a kòmanse nan dat yo te vin yon LPR.

- antre Etazini anvan 22 out 1996, kèlkeswa estati l lè l antre a, e te toujou prezan nan Etazini jouk tan l resevwa estati ki site nan 2.A. anwo a. Pou rezon sila, yon moun toujou prezan si l te absan pou pa plis pase 30 jou konsekitif oswa 90 jou ki pa konsekitif anvan l jwenn yon estati ki site nan 2.A. anwo a; oswa
- yo genyen oswa yo te genyen yon estati ki site nan nimewo 1 anwo a.

Etranje kalifye ki eskli

Moun ki te gen yon estati ki site nan kategori etranje ki kalifye nan 2.A. anwo a (rezidan pèmanan legal, moun yo bay pèmasyon pou yo rete nan peyi a pandan omwen yon lane, oswa viktim abi ki se etranje) epi ki pa satisfè youn nan kondisyon ki site nan 2.B. anwo a, yo se etranje ki kalifye ki eskli. Etranje ki kalifye ki eskli, tankou etranje ki kalifye, se imigran ki nan peyi a legalman. Moun ki se etranje ki kalifye ki eskli ka elijib pou MassHealth Standard, CommonHealth, Family Assistance, Limited, oswa CMSP. Yo ka elijib tou pou benefis nan Health Connector e HSN.

Moun ki pa kalifye ki prezan legalman

Moun ki se endividi ki pa kalifye ki nan peyi a legalman epi ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Standard, CommonHealth, Family Assistance, Limited, oswa CMSP. Yo ka elijib tou pou benefis nan Health Connector e HSN. Endividi ki pa kalifye ki nan peyi a legalman se moun sa yo.

- ◆ Yon moun ki nan yon estati non-imigran ki valid jan sa defini nan 8 U.S.C. 1101(a)(15) oswa jan sa defini nan lwa imigrasyon nan 8 U.S.C. 1101(a)(17).
- ◆ Moun kalifye men ki pa sitwayen jan sa defini nan 8 U.S.C. 1641 (b) ak (c)
- ◆ Yon moun yo bay pèmasyon pou rete Ozetazini ann akò ak 8 U.S.C. 1182(d)(5) pou mwens pase yon lane eksepte yon endividi yo mete an libète sou siveyans pou jijman, pou enspeksyon difere, oswa k ap tann pwosedi depòtasyon.
- ◆ Yon moun ki fè pati youn nan klas sa yo.
 - Te resevwa estati rezidan tanporè ann akò ak 8 U.S.C. 1160 oswa 1255a, respektivman
 - Te resevwa estati pwoteje tanporè (Temporary Protected Status, TPS) ann akò ak 8 U.S.C. 1254a, ak moun k ap tann repons aplikasyon pou TPS ki te resevwa otorizasyon pou travay
 - Te resevwa otorizasyon pou travay selon 8 CFR 274a.12(c)

- Benefisyè Family Unity ann akò ak seksyon 301 Lwa Piblik 101-649, jan sa modifeye
- Sou depòtasyon difere (DED) ann akò ak yon desizyon prezidan an te pran
- Te resevwa estati aksyon difere, eksepte pou aplikan oswa moun yo te akòde estati selon pwosesis Depatman sekirite nasyonal Etazini Damerik (DHS) aksyon difere poutèt pou moun ki te vini lè yo te piti (DACA)
- Te resevwa yon arè administratif pou depòtasyon selon 8 CFR pati 241
- Benefisyè petisyon viza ki apwouve epi k ap tann repons aplikasyon pou ajisteman nan estati
- ◆ Yon moun ki te fè yon aplikasyon pou azil selon 8 U.S.C. 1158, oswa pou arè depòtasyon selon 8 U.S.C. 1231, oswa dapre Konvansyon kont Tòti (Convention Against Torture) ki
 - te resevwa otorizasyon pou travay, oswa
 - poko gen 14 an epi aplikasyon l lan annatant depi omwen 180 jou.
- ◆ Yon moun ki te resevwa yon arè depòtasyon selon Konvansyon kont tòti a.
- ◆ Yon timoun ki te ranpli yon aplikasyon pou estati imigran jivenil espesyal jan sa dekri nan 8 U.S.C. 1101(a)(27)(J).

Etranje ki kalifye ki eskli ak endividi ki pa kalifye ki legalman prezan nan peyi a se

- ◆ ansent ka elijib pou MassHealth Standard, yon plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans, oswa HSN;
- ◆ se timoun ki poko gen 19 an ki elijib pou MassHealth Standard, CommonHealth, Family Assistance, CMSP, yon plan ConnectorCare ak Kredi taks pou prim ki bay davans, oswa HSN;
- ◆ se jèn adilt ki gen 19 oswa 20 an ka elijib pou MassHealth Standard, yon plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, oswa HSN;
- ◆ adilt ki gen 21 an oswa plis epi ki se paran oswa fanmi k ap bay swen ka elijib pou MassHealth Limited, yon plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, oswa HSN;
- ◆ adilt ki gen 21 - 64 an epi ki andikape ka elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited, yon plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, oswa HSN; oswa
- ◆ lòt adilt ki gen 21 - 64 an ka elijib pou MassHealth Limited, yon plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, oswa HSN.

Moun ki pa kalifye ki rezide an pèmans an vèt lalwa

Moun ki pa kalifye ki rezide an pèmans an vèt lalwa (PRUCOL) se sèten moun ki pa sitwayen ameriken ki pa prezan legalman. Moun sa yo gendwa ap viv defason pèmanan Ozetazini sou kouvèti lalwa jan sa dekri nan 130 CMR 504.000. Moun ki PRUCOL ki pa kalifye epi ki satisfè youn nan estati ki site anba a ka elijib pou MassHealth Standard, CommonHealth, Family Assistance, Limited, oswa CMSP. Yo ka elijib tou pou benefis atravè HSN.

- ◆ Etranje k ap viv Ozetazini ann akò avèk yon arè depòtasyon endefini
- ◆ Etranje k ap viv Ozetazini ann akò avèk yon depa volontè endefini
- ◆ Etranje ansanm ak fanmi yo ki kouvri akoz petisyon yon manm fanmi imedya yo apwouve, ki gen dwa pou depa volontè, epi DHS pa konte aplike lwa pou fè moun nan kite peyi a
- ◆ Etranje ki nan depa volontè daprè DHS oswa yon jij imigrasyon e kote DHS pa gen lentansyon aplike depòtasyon pou li
- ◆ Etranje k ap viv sou lòd sipèvizyon ki pa gen otorizasyon pou travay selon 8CFR 274a.12(c)
- ◆ Etranje ki te rantrè epi ki te viv kontinyèlman Ozetazini depi 1ye janvyè 1972
- ◆ Etranje yo ki te akòde sispansyon depòtasyon epi kote DHS pa gen entansyon aplike pwosedi depòtasyon
- ◆ Etranje ki gen yon aplikasyon pou azil ki annatant selon 8 U.S.C. 1158 oswa retansyon depòtasyon selon 8 U.S.C. 1231 oswa selon Konvansyon kont Tòti ki te resevwa otorizasyon pou travay, oswa ki poko gen 14 an epi ki gen yon aplikasyon annatant pandan omwen 180 jou
- ◆ Moun ki pa sitwayen ki gen estati DACA oubyen yon aplikasyon ki annatant estati sa a
- ◆ Etranje ki te ranpli yon aplikasyon, petisyon oswa demann pou yo gen yon estati ki pèmèt yo rete nan peyi a legalman epi yo te aksepte aplikasyon an te ranpli kòm sadwa men ki poko resevwa otorizasyon pou travay epi DHS pa konte aplike lwa pou fè moun nan kite peyi a
- ◆ Lòt moun ki pa sitwayen ameriken k ap viv Etazini avèk konesans e akseptasyon DHS la e kote DHS pa p fòse ale. (Sa yo gen nan yo moun ki nan depa volontè pwolonje poutèt kondisyon nan peyi natifanatal moun lan baze sou yon desizyon sekretè leta a.)

PRUCOL ki pa kalifye ki

- ◆ ansent ka elijib pou MassHealth Standard, Family Assistance, oswa HSN;
- ◆ se timoun ki poko gen 19 an ka elijib pou MassHealth CommonHealth, Family Assistance, Limited, CMSP, oswa HSN;
- ◆ jèn adilt ki gen 19 oswa 20 an ka elijib pou MassHealth CommonHealth, Family Assistance, Limited, oswa HSN;
- ◆ adilt ki gen 21 oswa plis ki se paran oswa fanmi k ap bay swen ka elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited, oswa HSN; epi
- ◆ lòt adilt ki gen ant 21 - 64 an, ikonpri moun ki andikape, ka elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited, oswa HSN.

Lòt moun ki pa sitwayen

Si estati imigrasyon w pa dekri anwo a, yo konsidere w kòm yon lòt moun ki pa sitwayen. Ou ka elijib pou MassHealth Standard (si w ansent), Limited, CMSP, oswa HSN.

Note: Moun ki t ap resevwa MassHealth, ki te konn rele Medical Assistance, oswa CommonHealth le 30 jen 1997, kapab kontinye jwenn benefis kèlkanswa estati imigrasyon l si li elijib.

Elijiblite imigran pou resevwa benefis ki soutni pa lajan kontribyab yo defini nan Ak federal 1996 la sou PRWORA, Ak federal 1997 la sou bidjè balanse (Balanced Budget Act of 1997), ak plizyè lòt lwa leta ki te pase. Pou plis detay, gade règleman MassHealth an nan at 130 CMR 504.000.

» **Kondisyon pou sitwayènte/resòtisan ameriken pou MassHealth ak plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans Kondisyon pou idantite pou MassHealth, plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans, ansanm ak Health Safety Net**

Prèv ni estati sitwayènte/resòtisan ameriken ni idantite*

* Eksepsyon: Moun aje ak moun ki andikape yo k ap resevwa oswa ki ka resevwa Medicare oswa revni sekirite siplemantè (SSI), e moun ki andikape k ap resevwa asirans envalidite nan sekirite sosyal (SSDI) PA bezwen bay prèv sou estati sitwayènte/resòtisan ameriken yo oswa idantite yo. Yon timoun ki fèt epi manman l t ap resevwa MassHealth nan dat timoun lan fèt la pa bezwen bay prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite.

Bagay ki site anba yo se fòm prèv ki akseptab NI pou estati sitwayènte/resòtisan ameriken NI pou idantite (okenn lòt dokiman nesèsè):

- yon paspò ameriken, ikonpri yon kat Paspò ameriken Depatman Deta a bay, kèlkeswa dat ekspirasyon an depi yo te bay paspò sa a oswa kat sa a san limit; oswa
- yon Sètifika natiralizasyon ameriken; oswa
- yon Sètifika sitwayènte ameriken; oswa
- Yon dokiman yon tribi endyen gouvènman federal la rekonèt, jan sa piblik nan rejis federal Bureau of Indian Affairs nan US Department of the Interior, ki idantifye tribi endyen gouvènman federal la rekonèt emèt dokiman an; idantifye moun lan avèk non l; e konfime aderans, enskripsyon, oubyen afilyasyon moun lan nan tribi a. Dokiman sa yo enkli, men se pa sa sèlman, yon kat enskripsyon nan yon tribi, yon sètifika sou degre san endyen, yon dokiman sou resansman tribi, e dokiman avèk antèt tribi a ki emèt avèk siyati chèf tribi apwopriye a ki satisfè kondisyon nan 130 CMR 504.000.

Prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken sèlman

Si yon moun pa bay youn nan dokiman ki pwouve ni kondisyon sitwayènte ni idantite, yo ka aksepte dokiman ki pral site la yo kòm prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken sèlman.

- Yon ak nesans ki nan rejis piblik Ozetazini (ikonpri 50 eta yo, Distri Kolonbi, Pòtoriko (le 13 janvyè 1941 oswa aprè sa), Gwam, Zile Vyèj Ameriken (le 17 janvyè 1917 oswa aprè sa), Samowa Ameriken, Zile Swain, oswa CNMI (aprè 4 novanm 1986)). Dosye nesans lan ka soti nan men eta a, teritwa a oswa jirisdiksyon lokal la. Moun nan ka natiralize kolektivman selon règleman federal yo.
- Yon konparezon avèk rejis eta sivil e estatistik nan Massachusetts ki dokimante yon dosye nesans.
- Yon Sètifikasyon yon rapò nesans yo bay sitwayen ameriken ki te fèt andeyò Etazini.
- Yon rapò nesans aletranje pou yon sitwayen ameriken.
- Sètifika nesans.
- Yon kat didantite (ID) sou sitwayèn ameriken.
- Yon Kat didantite Zile Maryàn yo te bay sitwayen natiralize kolektivman ki te fèt nan CNMI la anvan 4 novanm 1986.
- Yon dekrè adopsyon final ki montre non yon timoun ak kote li te fèt Ozetazini (oswa, si adopsyon an poko finalize, se pou bay yon deklarasyon ki sot nan ajans adopsyon ki montre non timoun nan ak kote li te fèt Ozetazini).

- Prèv travay nan sèvis sivil Ozetazini anvan 1^{re} jen 1976.
- Yon dosye militè ofisyèl ki montre yon lye nesans Ozetazini.
- Yon konparezon done avèk pwogram SAVE oswa nenpòt lòt pwosesis DHS la etabli pou pwouve yon moun se yon sitwayen.
- Dokimantasyon ki montre yon timoun satisfè kondisyon seksyon 101 lwa sitwayènte timoun ane 2000 la (8 U.S.C. 1431).
- Dosye medikal, ikonpri, men se pa sa sèlman, dosye lopital, klinik oswa doktè, oswa papyè admisyon nan yon etablisman swen, etablisman ki gen enfimyè konpetan, oswa lòt enstitisyon ki endike yon lye nesans Etazini.
- Dosye asirans vi, asirans sante oswa lòt asirans ki endike yon lye nesans Etazini.
- Yon dosye relijye ofisyèl ki anrejistre Ozetazini ki montre yon nesans te rive Ozetazini.
- Dosye lekòl, ikonpri lekòl matènèl, Head Start, ak gadri, ki montre non timoun nan ak kote li fèt Ozetazini.
- Dosye resansman federal oswa eta a ki montre sitwayènte ameriken oswa yon lye nesans Etazini.

Si yon moun pa genyen youn nan dokiman sa yo ki site nan 130 CMR 504.000, li ka soumèt yon deklarasyon sou sèman yon lòt moun siyen, sou pèn fo temwayaj, ki ka rezonabman ateste sitwayènte moun nan, epi ki genyen non, dat nesans ak lye nesans Etazini. Deklarasyon sou sèman an pa bezwen notarye.

PLIS prèv idantite sèlman

1. Yo aksepte dokiman ki pral site la yo kòm prèv akseptab pou idantite, depi dokimantasyon sa a genyen yon foto oswa lòt enfòmasyon ki idantifye moun nan, ikonpri, men se pa sa sèlman, non, laj, sèks, ras, wotè, gwosè, koulè zye e adrès.
 - Dokiman idantite ki site nan 8 CFR 274a.2(b)(1)(v)(B)(1), eksepte yon pèmi kondui yon otorite gouvènman Kanadyen an bay
 - Yon pèmi kondui yon eta oswa tèritwa bay
 - Yon kat didantite lekòl
 - Yon kat militè Etazini oswa dosye sèvis militè
 - Yon kat didantifikasyon yon gouvènman federal, eta oswa lokal bay
 - Yon kat didantifikasyon depandan militè
 - Yon kat Lamarin Machan Gad Kòt Etazini
2. Pou timoun ki poko gen 19 an, yon dosye klinik, doktè, lopital oswa lekòl, ikonpri dosye lekòl matènèl oswa gadri.

3. De dokiman ki genyen enfòmasyon konsistan ki konfime idantite yon aplikan. Dokiman sa yo enkli, men se pa sa sèlman, sa ki annapre la.
 - Kat ID konpayi travay la
 - Diplòm lekòl segondè oubyen kolèj (ikonpri diplòm ekivalans lekòl segondè)
 - Sètifika maryaj
 - Dekrè divòs
 - Tit pwopriyete
 - Yon souchèk travay ki gen non aplikan ak adrès li, ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an te klase
 - Prèv resansman ki genyen non ak adrès aplikan an ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an
 - Yon deklarasyon pansyon oswa retrèt ki sot nan men yon ansyen anplwayè oswa yon fon pansyon ki gen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an te klase
 - Fakti ekolaj oswa prè pou etidyan ki genyen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an
 - Fakti dlo, kouran, telefòn selilè, kat kredi, fakti doktè oswa lopital ki gen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an
 - Polis asirans pou pwopriyete, pou lokatè ak pou machin ki gen adrès aplikan an sou li, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an, oswa yon fakti pou asirans sa a ki genyen adrès aplikan an sou li ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an
 - Papyè lwaye ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an, oswa ipotèk kay ki idantifye aplikan an ak adrès li
 - Fòm W-2 oswa lòt dokiman ki pwouve w ap travay ki montre non ak adrès aplikan an anplwayè a soumèt bay yon ajans gouvènman an ki montre yon moun ap travay
4. Yon dekouvèt idantite ki sot nan yon ajans federal oswa leta, ikonpri men se pa sa sèlman, asistans piblik, lapolis, depatman fiskal, biwo taks oswa ajans koreksyon, si ajans lan te pwouve epi sètifye idantite moun nan.
5. Yon dekouvèt idantite ki sot nan yon ajans Express Lane, jan sa defini nan seksyon 1902(e)(13)(F) lwa sekirite sosyal la.

Si aplikan an pa genyen ankenn nan dokiman ki presize nan pwen 1, 2, oswa 3 ki site anwo a, epi li paka pwouve idantite ak pwen 4 oswa 5 ki site anwo a, aplikan an ka soumèt yon deklarasyon sou sèman yon lòt moun siyen,

sou pèn fo temwayaj, ki ka rezonableman ateste idantite aplikan an. Deklarasyon sou sèman sa a dwe genyen non aplikan an ak lòt enfòmasyon, jan sa dekri nan premye pwen prensipal la ki anwo a. Deklarasyon sou sèman sa a pa bezwen notarye.

Ou gendwa gen pou w bay prèv sou idantite w si w deside w ap fè aplikasyon anliy nan MAhealthconnector.org oswa nan telefòn. Pwosede sa a rele prèv sou ID. Sa pa menm pwosede ak lè w bay prèv sitwayènte w, nasyonalite w, oswa idantite w pou HSN. Prèv idantite an sèvi pou verifiye idantite w epi sa fèt avèk kesyon nou poze w sou oumenm ak sou finans ou. Ou p ap gen pou w bay prèv idantite w lè w ap fè aplikasyon pou kouvèti asirans sou papyè. Si pi devan ou ta renmen louvri yon kont anliy nan MAhealthconnector.org, w ap gen, lè sa a, pou w suiv pwosede prèv idantite a.

SEKSYON 12

MyServices

» Pòtay MyServices pou manm

MyServices se yon zouti sou entènèt la e yon aplikasyon mobil ki fasil pou tout manm MassHealth itilize.

Avèk MyServices, ou ka fè sa ki annapre la.

- ◆ Verifye pou w wè si w kalifye pou MassHealth oubyen pou Massachusetts Health Connector.
- ◆ Li enfòmasyon sou enskripsyon w lan tètke non plan ou genyen an e dat plan an kòmanse.
- ◆ Resevwa avètisman sou evènman enpòtan e ki mezi ou dwe pran.
- ◆ Gade anliy sèten avi MassHealth epitou enfòmasyon sou kòman pou enskri pou vote.
- ◆ Wè epi enprime yon kopi kat didantite (ID) MassHealth ou a.

MyServices disponib nan sis lang: pòtigè brezilyen, anglè, kreyòl ayisyen, chinwa senplifye, espayòl, e vyetnamyen.



Ou ka rale aplikasyon selilè MyServices la tou pou Android oubyen iOS.

» Konekte nan MyServices

Gen diferan jan pou konekte nan MyServices.

Ou ka enskri pou MyServices nan myservices.mass.gov e klike sou Enskri (Sign up). W ap dirije apresa nan paj koneksyon MyMassGov la. La, w ap ka mete yon bon imèl. N ap voye ba ou yon kòd pou n verifye imèl ou a. Mete kòd sa a nan bwat “Verification code” (Verifye kòd) la. Klike sou “VERIFY” (Verify). Mete prenon w e non fanmi w. Klike sou “CONTINUE” (KONTINYE). Chwazi yon modpas ki satisfè kondisyon modpas la. Konfime modpas ou a nan mete l ankò. Klike apresa sou “CREATE ACCOUNT”(LOUVRI YON KONT).

Ou ka fè yon nouvo pwofil menmsi ou gentan gen yon kont MAhealthconnector oubyen DTACconnect. Si apresa ou enskri pou sèvis nan MassHealth oubyen DTA, ou ka konekte kont sa yo nan MyServices depi w mete tout nimewo sekirite sosyal ou a oubyen MassHealth ID ou a nan MyServices.

Si w bezwen èd pou w konekte nan MyServices, ou ka monte nan mass.gov/info-details/how-myservices-works.

» Preferans sou kominikasyon elektwonik

MyServices founi yon opsyon pou manm ki gen 19 an oubyen ki pi gran pou resevwa elektwonikman lèt elijiblite MassHealth e lèt sou enskripsyon pou vote (swa imèl oswa mesaj tèks). Bouk My Info a ki rele tip MassHealth Notice Delivery (livrezon lèt MassHealth) la se kote yon manm ka chanje jan yo pito resevwa lèt yo.

MassHealth pral voye ba ou yon lèt sou papye pou konfime ou chwazi pou resevwa elektwonikman lèt elijiblite MassHealth ou yo ak lèt sou enskripsyon pou vote.

Si w chwazi livrezon elektwonik, w ap enfòm sou tout nouvo lèt nan metòd livrezon ou chwazi a (swa imèl oswa mesaj tèks). Anuit ou ka wè lèt ou yo nan pòtay kominikasyon manm MyServices la.

Si w swete chwazi pa resevwa lèt elektwonik men tounen resevwa lèt sou papye, konnen ou ka fè sa nempòt lè. Epitou ou ka nempòt lè fè chanje pou sa w pito imèl nan plas tèks oswa tèks nan plas imèl. Pou kanpe livrezon elektwonik lèt ou yo, ou ka fè youn nan sa ki make annapre la.

- ◆ Konekte nan kont MyServices ou a e chanje jan w pito resevwa lèt ou yo pou resevwa yo sou papye.
- ◆ Telefonnen MassHealth Customer Service Center (Sèvis Kliyan MassHealth) nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711, pou w mande resevwa lèt sou papye.
- ◆ Klike sou lyen dezenskr (unsubscribe) la nan yon mesaj imèl ki fè w konnen ou resevwa yon lèt.
- ◆ Reponn STOP o swa OPT OUT bay yon mesaj tèks ki fè w konnen ou resevwa yon lèt.

SEKSYON 13

Ki kote pou jwenn èd

MassHealth

- ◆ estati aplikasyonw lan oswa renouvèlman MassHealth
- ◆ Admisiblite manm MassHealth
- ◆ Enfòmasyon sou fason pou verifiye karakteristik elijiblite ak egzanp sou fòmilè ki akseptab kòm prèv
- ◆ Elijiblite jeneral e benefis MassHealth
- ◆ enskripsyonnan yon plan medikal MassHealth
- ◆ sèvis entèprèt
- ◆ Kòman pou jwenn prèv
- ◆ Prim pou MassHealth ak Children's Medical Security Plan
- ◆ kesyon sou pwosesis enskripsyon pou vote e èd pou ranpli fòm enskripsyon pou vote a
- ◆ Kòman pou jwenn aplikasyon ak fòm

Telefonnen MassHealth Customer Service Center (Sèvis Kliyan MassHealth) nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 - sèvis lib la disponib 24 è sou 24 e 7 jou sou 7.

Èd siplemantè pou gen aksè nan benefis e sèvis nan plan medikal MassHealth ou genyen an

- Kontakte My Ombudsman nan (855) 781-9898 oubyen videyo-telefòn nan (339) 224-6831.

Pou enfòmasyon siplemantè sou My Ombudsman, gade andedan kouvèti devan an.

Rapòte chanjman yo

Ou ka fè rapò sou chanjman estati ou a nan metòd sa yo.

- Konekte nan kont ou a nan MAhealthconnector.org.

Si w pa ko gen yon kont sou entènèt la, ou ka kòmanse youn.

- Voye chanjman ou yo ban nou nan
Health Insurance Processing Center
PO Box 4405
Taunton, MA 02780.
- Fakse chanjman ou yo nan (857) 323-8300.
- Telefonnen nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711, oswa (877) MA ENROLL, (877) 623-6765.
- Ale nan yon MassHealth Enrollment Center (MEC). Gade nan Seksyon 1, pou wè lis adrès MEC yo.

MassHealth Premium Assistance

- ◆ kesyon sou kòman pou gen asirans medikal nan yon travay
 - ◆ kesyon sou MassHealth Premium Assistance Program
- MassHealth Premium Assistance Unit: (800) 862-4840

Rekiperasyon siksesyon

Benefit Coordination/Third Party Liability: (800) 462-1120

MassHealth appeals—fair hearings

Contact the Board of Hearings

100 Hancock St., 6th Floor

Quincy, MA 02171

(617) 847-1200 oswa (800) 655-0338

Faks (617) 887-8797

Pou rapòte fwòd manm oswa founisè MassHealth

Telefonnen nan (877) 437-2830 ([877] 4-FRAUD-0).

Amenajman pou aplikan ak manm ki gen andikap

MassHealth Disability Accommodation Ombudsman

100 Hancock Street, 1st Floor

Quincy, MA 02171

Telefonnen nan (617) 847-3468, TTY: (617) 847-3788.

Email ADAaccommodations@state.ma.us.

Enskripsyon nan yon plan medikal

- ◆ enskripsyonnan yon plan medikal MassHealth MCO oubyen Primary Care Clinician

Telefonnen MassHealth Customer Service Center (Sèvis Kliyan MassHealth) nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Children's Medical Security Plan (CMSP)

- ◆ sèvis ki kouvri e jwenn yon founisè

Telefonnen nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Health Safety Net (HSN)

- ◆ plent avèk HSN
- ◆ enfòmasyon sou HSN, tèlke franchiz HSN ak founisè yo

Telefonnen sant sèvis kliyan Health Safety Net la nan (877) 910-2100.

Email hsnhelpdesk@state.ma.us.

Health Safety Net Office

Attn.: HSN Grievances

100 Hancock St., 6th Floor

Quincy, MA 02171

Massachusetts Health Connector

- ◆ rapòte chanjman yo
- ◆ enfòmasyon konsènan enskripsyon nan plan medikal ak plan dantè Health Connector, lòt enfòmasyon sou pwogram nan ak enfòmasyon sou apèl yo
- ◆ Elijiblite manm Health Connector a
- ◆ Fason pou verifiye karakteristik elijiblite nan Health Connector ak egzanp sou fòm ki akseptab kòm prèv
- ◆ Estati sou fakti e peman prim Health Connector

Telefonnen nan (877) MA-ENROLL ([877] 623-6765),
TTY: 711.

Monte nan MAhealthconnector.org.

Pou fè aplikasyon pou yon nimewo sekirite sosyal

Telefonnen biwo sekirite sosyal la nan (800) 772-1213.

Monte nan ssa.gov.

Kouvèti Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon

Telefonnen nan (800) MEDICARE (633-4227), TTY:
(877) 486-2048. Monte nan medicare.gov.

Sèvis jiridik

Jwenn sèvis jiridik gratis oubyen abapri nan
mass.gov/info-details/finding-legal-help.



Department of Transitional Assistance


Do you need help meeting your basic needs?

DTA can provide you and your family with:

- SNAP (Food assistance)
- TAFDC or EAEDC (Economic assistance)

Households may be eligible for:

- Referrals to education, training or career preparatory programs
- Child care and transportation payments for those working or seeking work
- Nutrition education
- Free health insurance



To Learn More About DTA



Visit our website at mass.gov/dta. Review information about the SNAP, TAFDC or EAEDC programs.



Call the DTA Assistance Line at 1-877-382-2363. Case managers are available Monday to Friday between 8:15 am to 4:45 pm. Self-service options are available through the assistance line 24/7.



Stop by a local Transitional Assistance Office. To find the nearest office, visit our website.

Apply For SNAP Today Via DTA Connect



Apply for SNAP benefits online via DTAconnect.com. You can use the website or download the DTA Connect mobile application to keep tabs on your case. To apply for TAFDC or EAEDC, visit your local Transitional Assistance Office.

This institution is an equal opportunity provider.



GOOD FOOD *and* A WHOLE LOT MORE!



DO YOU HAVE A CHILD UNDER 5? ARE YOU PREGNANT OR BREASTFEEDING?

WIC OFFERS FAMILIES

- Free healthy food
- Breastfeeding support
- Personalized nutrition consultations
- Referrals for medical and dental care, health insurance, child care, housing and fuel assistance, and More!

HOW TO APPLY:



By Phone
Call 1-800-WIC-1007



Online
You can begin your WIC application at www.mass.gov/wic



@MassWIC



This institution is an equal opportunity provider.

10/18, #78

ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN ENSKRIPSYON POU MOUN K AP VOTE



Chè moun k ap aplike oswa manm:

Lwa Nasyonan ane 1993 la sou Enskripsyon Elektè a egzije pou MassHealth ba w opòtinite pou enskri pou vote. Desizyon w pou enskri pou vote pa pral afekte elijiblite w pou benefis.

W ap jwenn yon fòmilè anrejistreman elektè pou voye pa lapòs nan mitan ti liv sa a, si ti liv sa a gen aplikasyon pou MassHealth la. Si w ta renmen pou yo voye pou ou yon fòmilè pou enskripsyon pou vote, tanpri rele Sant sèvis kliyan MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.

Lè w resevwa fòmilè a, ranpli li epi voye l nan lameri vil ou a. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis enskripsyon pou vote a, oswa si w bezwen èd pou ranpli fòmilè a, rele youn nan nimewo telefòn ki site anwo yo, oubyen ale nan yon biwo MassHealth ki lokal. W ap jwenn adrès biwo MassHealth yo nan mass.gov/masshealth.

Sonje: Ou pa pral enskri pou vote pazavan ou ranpli epi ou voye fòmilè pou enskripsyon pou vote a nan lameri w lan. Depatman eleksyon lokal ou an pral fè w konnen alekri lè yo fin travay sou enskripsyon w lan. Si w pa resevwa yon notis pa ekri nan yon delè rezonab, kontakte depatman eleksyon nan lameri lokal ou a pou plis enfòmasyon.

Nivo Povrete Federal (Mansyèl)

Gwosè fanmi an	100%	133%	150%	200%	250%	300%	400%
1	\$1,305	\$1,735	\$1,957	\$2,609	\$3,261	\$3,913	\$5,217
2	\$1,763	\$2,345	\$2,644	\$3,525	\$4,407	\$5,288	\$7,050
3	\$2,221	\$2,954	\$3,332	\$4,442	\$5,553	\$6,663	\$8,884
4	\$2,680	\$3,564	\$4,019	\$5,359	\$6,698	\$8,038	\$10,717
5	\$3,138	\$4,173	\$4,707	\$6,275	\$7,844	\$9,413	\$12,550
6	\$3,596	\$4,783	\$5,394	\$7,192	\$8,990	\$10,788	\$14,384
7	\$4,055	\$5,393	\$6,082	\$8,109	\$10,136	\$12,163	\$16,217
8	\$4,513	\$6,002	\$6,769	\$9,025	\$11,282	\$13,538	\$18,050
Moun sipleman	\$459	\$610	\$688	\$917	\$1,146	\$1,375	\$1,834

MassHealth mete ajou Nivo Povrete Federal (FPL) yo chak ane dapre chanjman gouvènman federal la fè. Nivo revni ki anwo a reflète estanda yo apati **Iye mas 2025**. Yo awondi chif sa yo men yo gendwa pa menm ak chif ki itilize nan detèminasyon pou pwogram lan.

Gade tanpri sit entènèt nou a nan mass.gov/info-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members pou tou dènye tablo a.

Pwogram avantaj pou medikaman sou preskripsyon pou moun aje

Moun ki pa gen benefis anba MassHealth oswa Medicare pou medikaman sou preskripsyon, ki swa gen mwens ke 65 an epi gen yon andikap, ki swa gen 65 an oswa plis epi ki vle gen enfòmasyon sou èd nan depans pou medikaman sou preskripsyon yo, kapab rele Pwogram avantaj pou medikaman sou preskripsyon pou moun aje a (Elder Affairs Prescription Advantage Program) nan (800) AGE-INFO oswa (800) 243-4636, TTY: (877) 610-0241 pou moun ki soud, moun ki tande di oswa moun ki gen difikilte pou pale.

**This information is important.
It should be translated right away.
We can translate it for you free of charge.
Call us at (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.**

**This information is available in
alternative formats such as braille
and large print.
To get a copy, please call us at
(800) 841-2900, TDD/TTY: 711.**

Esta información es importante y debe ser traducida inmediatamente. Podemos traducirla para usted gratuitamente. Llámenos al (800) 841-2900 o por TDD/TTY: 711. (Spanish)

Cette information est importante. Prière de la traduire immédiatement. Nous pouvons vous la traduire gratuitement. Appelez-nous au (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (French)

Esta informação é importante. Deverá ser traduzida imediatamente. Nós podemos traduzi-la para você gratuitamente. Entre em contato conosco no (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Brazilian Portuguese)

Questa informazione è importante. Si pregha di tradurla immediatamente. Possiamo tradurla per voi gratuitamente. Chiamate all (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Italian)

此處的資訊十分重要，應立即翻譯。我們可以免費為您翻譯。請撥打電話號碼 (800) 841-2900 (TDD/TTY: 711)，與我們聯繫。(Chinese)

이 정보는 중요합니다. 이는 즉시 번역해야 합니다. 저희는 귀하를 위해 이를 무료로 번역해드릴 수 있습니다. 일반 전화인 경우 (800) 841-2900로, TDD/TTY 전화인 경우 711로 연락해 주십시오. (Korean)

Enfòmasyon sa enpòtan. Yo fèt pou tradwi li tou swit. Nou kapab tradwi li pou ou gratis. Rele nou nan (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Haitian Creole)

Αυτή η πληροφορία είναι σημαντική και πρέπει να μεταφραστεί άμεσα. Μπορούμε να τη μεταφράσουμε για εσάς δωρεάν. Καλέστε μας στον αριθμό (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Greek)

Những tin tức này thật quan trọng. Tin tức này cần phải thông dịch liền. Chúng tôi có thể thông dịch cho quý vị miễn phí. Xin gọi cho chúng tôi tại số (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Vietnamese)

To jest ważna informacja. Powinna zostać niezwłocznie przetłumaczona. My tłumaczymy dla Państwa bezpłatnie. Prosimy do nas zadzwonić pod nr (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Polish)

Эта информация очень важна. Ее нужно перевести немедленно. Мы можем перевести ее для вас бесплатно. Позвоните нам по телефону (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Russian)

यह जानकारी महत्वपूर्ण है। इसका अनुवाद भलीभांति किया जाना चाहिए। हम आपके लिए इसका अनुवाद नशुल्क कर सकते हैं। हमें (800) 841-2900। TDD/TTY: 711 पर कॉल करें। (Hindi)

هذه المعلومات هامة. يجب ترجمتها فوراً. يمكننا ترجمتها لك مجاناً. اتصل بنا على الرقم (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Arabic)

આ માહિતી મહત્વની છે. તેનું તરત જ અનુવાદ થવું જોઈએ. અમે વાની મૂલ્યે તમારા માટે તેમ કરી શકીએ છીએ. અમને (800) 841-2900. TDD/TTY: 711 પર કોલ કરો. (Gujarati)

នេះគឺជាព័ត៌មានសំខាន់ៗ វាគួរតែបកប្រែឱ្យបានឆាប់រហ័ស។ យើងអាចបកប្រែវាសំរាប់អ្នក ដោយឥតគិតថ្លៃឡើយ។ សូមទូរស័ព្ទមកយើង តាមលេខ (800) 841-2900។ TDD/TTY: 711។ (Khmer)

ຂໍ້ມູນນີ້ສຳຄັນ. ມັນມີຄວາມຈຳເປັນຕ້ອງແປເລີຍ. ພວກເຮົາ ສາມາດຊ່ວຍແປໃຫ້ທ່ານໂດຍບໍ່ເສຍຄ່າ. ໂທຫາພວກເຮົາໄດ້ທີ່ (800) 841-2900. TDD/TTY: 711. (Lao)

Kel informasão li é inportanti. El debe ser traduzidu lógu. Nu pode traduzi-l pa nhos sin kobra nada. Nhos txuma-nu pa (800) 841 2900. TDD/TTY: 711. (Cape Verdean Creole)

